**O’ZBEKSTAN RESPUBLİKASI JOQARI HA’M ORTA ARNAWLI BİLİMLENDİRİW MİNİSTRLİGİ**

**BERDAQ ATINDAG’I QARAQALPAQ MA’MLEKETLİK UNİVERSİTETİ**

Tariyx-huqıq fakulteti

Milliy ideya, ma’nawiyat tiykarları ha’m huqıq ta’limi qa’niygeliginin’ 4- kurs pitkeriwshisi O’mirbaeva Alfiyanın’

# PİTKERİW QA’NİYGELİK JUMISI

## Tema: «Bekkem shan’araqtı qa’liplestiriwde ma’nawiy ta’rbiyanın’ o’zine ta’n o’zgeshelikleri»

İlimiy basshı: f.i.k.,dots. A.Bayrıeva

Kafedra baslıg’ı: f.i.k., dots. A.Bayrıeva

No’kis - 2012

**Jobası:**

**Kirisiw.**

**I-bap. Bekkem shan’araqtı qa’liplestiriwdin’ ja’miyetlik a’hmiyeti**

I.1. Salamat a’wlad ta’rbiyası - ja’miyet rawajlanıwının’ tiykarı

I. 2. Shan’araq ma’jbu’riyatı ha’m juwapkershiliginin’ sotsiallıq, ruwxıy tiykarları.

I. 3. Shan’araq mu’na’sibeti ma’deniyatının’ diniy ha’m milliy ta’repleri.

I. 4. Shan’araqtın’ ma’nawiy ortalıg’ın jetilistiriwde ananın’ **roli.**

**II-bap. Shan’araq ma’nawiyatı – ja’miyet ma’nawiyatı**

II.1. Ja’miyetlik pikirinin’ shan’araq turmıs ha’m jaslar ta’rbiyasına ta’siri.

II.2. Bala ta’rbiyasında «shan’araq, ma’ha’lle, mektep ha’mkarlıg’ı» kontseptsiyasının’ a’hmiyeti

II. 3. Ma’ha’llede ta’rbiyalıq islerdi sho’lkemlestiriw ha’m onın’ a’hmiyeti

**Juwmaqlaw**

# Kirisiw.

Bıyılg'ı 2012 jıl ma'mleketimizde Prezidentimiz ta'repinen «Bekkem shan'araq jılı» dep ataldı. Elimizde ruwxıy barkamal, salamat a'wladtı ta'rbiyalawg'a u'lken itibar berilmekte. Bul boyınsha belgilengen rejelerdi orınlaw Watanımızdı keleshekte rawajlang'an du'nyalıq demokratiyalıq ma'mleketlerdin' birewine aylandırıwdın' ayrıqsha sha'rti. Ullı ma'mlekettin' fundamentin salamat a'wladlar qa'liplestire aladı.

Salamat a'wladtı ta'rbiyalawda shan'araqtın' ornı ayrıqsha ha'm qaytalanbas. İnsan salamatlıg'ı ha'm ruwxıy kamalatının' birinshi fundamenti shan'araqta qoyıladı. Bul boyınsha xalqımızdın' shan'araqta perzent ta'rbiyalawdag'ı ta'jiriybesi dıqqatqa ılayıq. Bul ta'jiriybede milliy ta'rbiya da'stu'rleri, insan ruwxıylıg'ın qa'liplestiriw menen baylanıslı bolg'an ulıwmainsanıy, diniy qadriyatlar da o'z ko'rinisin tapqan. G'a'rezsizlik jag'dayında shan'araqta perzent ta'rbiyalaw boyınsha da'stu'rlerimiz da'wir ruwxı ha'm talapları menen baylanısıp ja'nede u'lken a'xmiyetke iye bolmaqta. Sol sebepli shan'araqtı bekkemlew, onın' ruwxıy a'dep - ikramlıq ta'rbiya barısındag'ı a'hmiyetin ku'sheytiriw ma'selesi ma'mleket siyasatında ja'nede u'lken orın almaqta. O'zbekstan Respublikası Prezidenti İ,A.Karimov «Fidokor» gazetası xabarshısının' sawallarına bergen juwaplarında bul ma'sele haqqında to'mendegi pikirlerdi aytadı:

«Shan'araq ha'm ideologiya ma'seleleri bir–biri menen tıg'ız baylanıslı. Shan'araqtın' ja'miyetegi ornı, ta'rbiyalıq-a'dep ikramlıq a'hmiyeti, qa'dir – qımbatın an'lap jetpesten, shan'araqqa millet ma'pleri ko'z qarasınan jaqınlaspay turıp, xalıqshıl ideologiya jarata almaymız»[1].

Prezidentimizdin' bul so'zlerinde ju'da' teren' ma'ni bar. Milliy ideya – millettin' tariyxıy ta'jiriybesin ulıwmalastırıp, du'nya xalıqları erisken jaqsı jetiskenlikler menen bayıtıp, ha'zirgi ku'n mashqalaların teren', do'retiwshilik penen salıstırıp, g'a'rezsiz ha'm alg'a ilgerileỹ jolların teoriyalıq salıstırıw na'tiyjesi. Milliy ideya rawajlanıw mashqalaların teoriyalıq ulıwmalastırıp,

[1] Karimov İ.A. Donishmand xalqimizning mustah'kam irodasiga ishonaman. «Fidokor» gazetasi, 2000 yil. 8 iyun.

insanlar xızmetine maqset ha'm bag'dar beriwshi ulıwma juwmaqlardur. Milliy ideya xalıqtın' sanası ha'm isenimine ideologiya arqalı sin'diriledi. Demek, ideologiya adamlar sanasına ta'sir etip, olardın' xızmetin anıq maqsetler menen baylanıstırıwdın' konkret sharayatlar ha'm imkaniyatlar arqalı ko'rsetilgen quralıdur. Ata – analar da o'z perzentlerine anıq maqset ha'm ma'plerinen kelip shıqqan halda ta'rbiya beredi. Bul ta'rbiya da shaxs, millet, Watan rawajlanıwı menen baylanısqanı sebepli ideologiyalıq, ag'artıwshılıq isleri sistemasına kiredi.

Prezidentimiz o'z juwaplarında xalıqshıl ideologiya tu'sinigin ju'da' orınlı qollang'an. Xalıqshıl ideologiya – xalıqtın' isenimine, milliy ruwxıyatına, ma'plerine say keletug'ın, onın' keleshegin teren' ilimiy tiykarında jarıtıp bere alatug'ın ideyalardın' sa'wleleniwidur. Milliy ideyanı xalıqshıl ideya tiykarında jarıtıw jolı menen jaslarımızdın' iyman – isenimin bekkemlew, erkin ku'sheytiw, olardı o'zinin' g'a'rezsiz pikirine iye bolg'an ba'rkamal insanlar etip ta'rbiyalaw, sanasında o'zligin umıtpaslıq, ata –babalarının' muqa'ddes qa'driyatların asırap abaylaw ha'm hu'rmet qılıw sıyaqlı pazıletlerin qarar taptırıw, olardı men o'zbek perzentimen, dep maqtanısh penen jasawg'a u'yretiw mu'mkin[1].

Milliy ideya ha'm milliy ideologiya jaslardın' sanasına sin'ip, xızmetine maqset ha'm bag'dar beriwshi ruwxıy tu'sinikke aylanıwında ha'm shan'araqta ata-ana bergen ta'rbiyanın' ornı ayrıqsha ha'm qaytalanbas. Ha'r bir ata-ana perzentlerin ta'rbiyalawdag'ı go'zlegen maqsetleri de o'zine ta'n kishi bir ideologiya. Basqasha qılıp aytsaq, ja'miyet ideologiyasının' quramlı bo'legi.

Shan'araqtın' insan ta'rbiyasındag'ı ornı ha'm a'hmiyetli ma'selesi İslam Karimovtın' birinshi shaqırıq O'zbekstan Respublikası Oliy Ma'jlisinin' IX sessiyasında so'ylegen so'zinde de teren' tiykarlap berilgen. Prezidentimiz bul ma'sele u'stinde ayrıqsha toqtap to'mendegi pikirlerdi aytqan edi:

«Ha'mmen'iz jaqsı bilesiz, keleshek a'wlad haqqında qayg'ırıw, salamat, ba'rkamal na'sildi ta'rbiyalap jetilistiriwge umtılıw bizlerdin' milliy qa'siyetlerimiz».

[1] Qaran'. Karimov.İ.A. Donishmand xalqimizning mustah'kam irodasiga ishonaman. «Fidokor»gazetasi, 2000 yil. 8 iyun

Bul muqaddes jerde jasap atırg'an ha'r bir insan o'z perzentlerinin' baxtı, kamalatın ko'riw ushın pu'tin o'miri dawamında gu'resedi, miynet qıladı, o'zin ayamaydı.

Bala tuwılg'an ku'ninen baslap shan'araq ortalıg'ında jasaydı. Shan'araqqa ta'n da'stu'rler, qa'driyatlar, u'rp-a'detler bala zualasın qaliplestiredi.

En' kereklisi, perzentler, shan'araq turmıs mektebi arqalı ja'miyet talapların an'laydı, sezinedi [2].

Prezidentimiz ko'rsetip o'tkenindey, perzentlerine jaqsı ta'rbiya beriw – ata-ananın' ma'jbu'riyatı, olardın' sawaplı islerin arttırıp, aqıretin abad qılıwshı tu'leri. Ata-babalarımızdın' jaqsı niyeti barlıq da'wirlerde de perzentlerine jaqsı at qoyıw, jaqsı ustaz qolına tapsırıw, sawatın shıg'arıw, ilimli, ka'sip-o'nerli qılıw, ulın u'yli etiw, qızın turmısqa shıg'arıw, u'yli jaylı kılıw bolg'an. Bul da xalıqshıl ideologiyanın' bir belgisi. Biz pitkeriw qa'nigelik jumısımızda shan'araqtag'ı ma'nawiy ta'rbiya ma'selelerin mine usı ko'z qarastan u'yrenip shıg'ıwdı maqset etip aldıq.

[2] Barkamol avlod orzusi. T. «Sharq»nashriet-matbaa kontserni, 2000 yil, 8 – bet.

# I-bap. Bekkem shan'araqtı qa'liplestiriwdin' ja'miyetlik a'hmiyeti

## I.1. Salamat a'wlad ta'rbiyası - ja'miyet rawajlanıwının' tiykarı

İnsaniyat XXI a'sirge qa'dem qoydı. Jan'a a'sir ja'ha'n tariyxında ruwxıylıq ma'selelerine u'stem a'hmiyet beriletug'ın da'wir boladı. Ja'miyettin' sotsiallıq-siyasiy, ekonomikalıq rawajlanıwın ta'biyiy baylıqlar, qolaylı hawa rayı sharayatlarına emes, ba'lki birinshi na'wbette joqarı ma'nawiyat iyesi bolg'an salamat insanlar a'melge asıradı.

Ma'nawiyat insannın' tiykarg'ı a'hmiyetin ko'rsetetug'ın, onın' xızmetine mazmun ha'm jo'nelis beretug'ın ishki ruwxıy faktorı esaplanadı. Ja'miyettin' rawajlanıwı, pa'n ha'm texnikanın' rawajlanıwı tez pa't penen a'melge asıp atırg'an ha'zirgi da'wirde joqarı ma'nawiyatlı insanlardı ta'rbiyalaw pu'tin insaniyat aldında turg'an en' tiykarg'ı wazıypalardın' biri bolıp qaldı.

İnsan ma'nawiyatının' birinshi belgileri shan'araqta qa'liplesedi. Shan'araqtın' bekkem bolıwı, onın' a'dep-ikramlıq huqıkıy tiykarları tensalmaqlılıg'ı ka'mil insandı ta'rbiyalawdın' birinshi za'mini.

Shan'araqtı basqarıw ja'miyet turmısın basqarıwdın' bir tu'ri esaplanadı. Shan'araq ag'zaları arasındag'ı jaqınlıq, baylanıslılıq, isenim, hu'rmet, turaqlılıq, bir-biri aldındag'ı ma'jbu'riyatın seziw, talapshan'lıq, mulayımlılıq jaslardın' ishki du'nyası qa'liplesiwine ta'sir etetug'ın ma'nawiy faktorlardandur. Ja'miyet rawajlanıp, ruwxıy faktorlardın' sotsiallıq rawajlanıwındag'ı ornı da ku'sheyip baradı. Bul bag'darda ayrıqsha wazıypalardın' biri shan'araqta ruwxıy ortalıqtı ten'lestiriw, ata-analarda perzentler aldındag'ı, perzentlerde ata-ana ha'm ja'miyet aldındag'ı ma'jbu'riyatı ha'm juwapkershilikti ku'sheytiriw. Bunday ortalıqtı jaratıwda ja'miyet, ma'mleket, ja'miyetshiliktin' ornı u'lken. Eger ja'miyet, ma'mleket, ja'miyetshiliktin' ta'siri jeterli bolmasa shan'araqtın' perzent ta'rbiyası barısındag'ı ornı da ha'lsireydi. Sol sebepli ha'zir du'nyadag'ı barlıq demokratiyalıq, du'nyalıq ma'mleketlerde shan'araqtı bekkemlew, onın' ta'rbiyalıq imkaniyatların jaqsılaw, hayal-qızlar, balalardın' huqıqların qorg'aw, ruwxıy ha'm dene salamatlıg'ı bekkem a'wladtı ta'rbiyalaw ma'selelerine u'lken a'hmiyet berilmekte.

Shan'araqtın' ja'miyet turmısı ha'm rawajlanıwındag'ı a'hmiyeti u'stinde toqtap Abdurauf Fitrat to'mendegi pikirlerdi bildirgen:

**«Ha'r bir shan'araqtın' saadatı h'a'm izzeti, a'lbette, sol xalıqtın' ishki qag'ıydaları ha'm tatıwlıg'ına baylanıslı. Tınıshlıq ha'm tatıwlıq bolsa sol millet shan'araqlarının' intizamına tayanadı, ma'mleket ha'm millette sonsha ku'shli ha'm ta'rtipli boladı. Egerde bir ma'mlekttin' xalqı a'depsiz ha'm qopallıq penen shan'araq mu'na'sebetlerin ha'lsiretip jiberse ha'm intizamsızlıqqa jol qoysa, onda bul millettin' saadatı ha'm turmısı gu'man astında qaladı.».**

Shan'araqtı bekkemlew, ata-analar ha'm balalardın' huqıqın qorg'awg'a du'nyadag'ı abıraylı sho'lkemler de u'lken u'les qosıp atır. Birlesken Milletler Sho'lkemi 1979 jıl 18 dekabrde «Hayal-qızlar huqıqları kemsitiliwinin' barlıq tu'rlerine jol qoymaw haqqındag'ı konventsiya» qabıl qıldı. Bul konventsiya ja'miyettegi ruwxıy ortalıqtı qa'liplestiriw, shan'araqtın' sotsiallıq, ekonomikalıq tiykarların bekkemlew, jaslar ta'rbiyasın ja'nede jaqsılawg'a qaratılg'an hu'jjet bolıp esaplanadı.

Shan'araqta perzentlerdi ta'rbiyalawda hayallardın' ornı ju'da' u'lken. Ananın' barlıq insanıy pazıletleri perzentlerine o'tedi ha'm olardın' ruwxıylıg'ın qa'liplestiredi. Ja'miyette insang'a bilim, ta'rbiya beriwshi sho'lkemler, oqıw orınları, ag'artıwshılıq orayları ko'p bolsa da, olardın' hesh biri ananın' ornın basa almaydı, Sol sebepli de konventsiyada hayal-qızlar huqıqların kemsitiwdin' barlıq ko'rinislerine tıyım salıw lazımlılıg'ının' ko'rsetiliwi birinshi na'wbette shan'araqtın' ta'rbiyalıq imkaniyatların jaqsılaw maqsetleri menen baylanısqan. Ten' huqıqlı, ja'miyettin' barlıq imkaniyatlarınan paydalanıw mu'mkinshiligine iye bolg'an joqarı ma'nawiyatlı hayal g'ana perzentlerine da'wir ruwxı, talaplarına say ta'rbiya beriwi mu'mkin. Hayallar haq-huqıqların kemsitiw olardın' qolında ta'rbiyalanıp atırg'an jaslar xuqıqın da ayaq astı qılg'an boladı.

Konventsiyada ha'r bir insan, jınısına qaramastan, barlıq huqıq ha'm erkinlikke iye bolıwı kerekligi ayrıqsha ko'rsetip o'tilgen. Xalıq aralıq kelisimlerdin' qatnasıwshısı bolg'an ma'mleketlerge erkek ha'm hayallar ushın barlıq ekonomikalıq, sotsiallıq, ma'deniy, puxaralıq hukıqlardan ten' paydalanıwg'a imkan jaratıw wazıypası ju'kletilgen. Konventsiyada bul ma'selege tiyisli sonday pikirler bar: «Bul konventsiyanın' maqseti erkek ha'm hayallarg'a ten'lik tiykarında insan huqıqları ha'm tiykarg'ı erkinlikler beriliwin an'latadı»[1].

Konventsiyanı maqullag'an ma'mleketler hayal-qızlardın' kemsitiliwinin' barlıq tu'rlerin qaralap, bul bag'darda jol qoyılg'an nızamsızlıqlar ha'm a'dalatsızlıqlardın' ko'riinislerin joq etiw ma'jbu'riyatın o'z moynına aladı.



Sonın’ menen birge hayal-kızlardın’ sotsiallıq, ruwxıy rawajlanıwın, dene salamatlıg’ın ta’miyinlew ushın barlıq tarawlarda, tiykrınan siyasiy, sotsiallıq, ekonomikalıq ha’m ma’deniy, meditsina tarawına tiyisli sharalardı ko’riw de ma’jbu’riyatlar sistemasına kiritildi. Bunın’ ushın erkek ha’m hayallardın’ sotsiallıq ha’m ma’deniy ju’ris turıs modellerin bir jınıs ekinshisinen u’stin bolıw yamasa erkek ha’m hayaldın’ bir qıylı roli ideyasına tiykarlang’an ersi u’rp-a’detler ha’m sog’an uqsas hallardan da jıraqetiw kerek. Balalar, analar ma’plerin izshil qorg’aw, ata-analardın’ perzent ta’rbiyası ushın ulıwma juwapkershiligin ta’miyinlew de ja’miyettin’ ruwxıy kamalatının’ tiykarg’ı sha’rtlerinin’ biri ekeni ko’rsetip o’tildi.

G’a’rezsiz O’zbekstanda shan’araqtı bekkemlew, ko’p balalı shan’araqlardı sotsialıq qorg’aw, ruwxıy jetik, deni saw a’wladtı ta’rbiyalaw barısında ko’rilip atırg’an ilajlar da konventsiyag’a tiykarlang’an. Perzent ta’rbiyalawda ko’p a’sirlik milliy pedagogika da’stu’rleri, ulıwma insanıy qa’diriyatlardan ken’, aqıl menen paydalanıw ma’selelerine de ma’mleketlerimizde u’lken itibar berilmekte. O’zbekstan Respublikası Prezidenti İ.A.Karimov ko’rsetip o’tkenindey, «shan’araq qadriyatları ha’m tuwısqanlıq mu’na’sebetlerinin’ qayta tikleniwi ha’r bir shan’araqtın’ ekonomikalıq, ma’deniy ha’m ka’siplik jag’ınan erkin bolıwı imkaniyatın an’latıwı lazım»[1]

1998 jıldın’ «Shan’araq jılı», 1999 jıl «Hayal qızlar jılı» dep ja’riyalanıwı bul za’ru’r wazıypanın’ tezlik penen a’melge asırılıp atırg’anlıg’ının’ belgisi bolıp esaplanadı.

1998 jıl may ayında Respublikamızda «O’zbekstan Respublikasının’ shan’araq kodeksi» qabıl etildi. Demokratiya ha’m joqarı insanıylıq ideyaları menen engizilgen bul tariyxıy hu’jjet o’z qa’siyeti menen ma’mleketimizdegi ruwxıy ortalıqtı ba’rkamallastırıwg’a, analıq ha’m balalıq huqıqların qorg’awg’a, jaslar ta’rbiyasın jaqsılaw ushın barlıq sha’rayat ha’m imkaniyatlardı jaratıwg’a qaratılg’an. Bul kodeksten go’zlengen tiykarg’ı maqset «Shan’araqlarg’a ja’rdem

[1] İ.A.Karimov «Ozbekiston XXI asr bwsag’asida».T. «Ozbekiston», 1997.

beriw ha'm shan'araq aldında onın' barlıq ag'zaları bekkemlewden, shan'araqlıq mu'na'sibetlerdi o'z ara muhabbat, isenim ha'm hu'rmet bekkemlik bir juwapkershiligi tiykarında qurıwdan, birden bir insannın' shan'araq ma'selelerine o'z basımshalıq penen aralasıwına jol qoymawdan shan'araq ag'zaları o'z huqıqların tosqınlıqsız a'melge asırıwın ha'm bul huqıqlar qorg'alıwın ta'miynlewden ibarat»[1].

Kodekste shan'araqlıq mu'na'sibetlerdin' huqıqıy a'dep ikramlılıq tiykarları ata-analardın' ja'miyet ha'm perzentleri aldındag'ı juwapkershiligi ma'selesi de u'lken orın alg'an. Kodekste shan'araq er ha'm hayaldın'  insanıylıq pazıyletlerin, ja'miyet aldındag'ı wazıypasın, juwapkershiligin an'lap nekelenip du'zilgen awqamı ekeni, er ha'm xayaldın' shaxslıq ha'm mu'lklik huqıqları ten'ligi, ishki shan'araqlıq ma'seleler o'z ara kelisim jolı menen sheshiliwi, balalar ta'rbiyası, olardın' pa'rawan turmıs keshiriwi ha'm jetilisiwi ushın ata-ana juwapkerligi, jas o'spirimler xa'm miynetke jaramsız shan'araq ag'zaları ushın g'amxorlıq ko'rsetiw, bir-birine mehir –aqıbetli, reyimli bolıw za'ru'rligi ayrıqsha ko'rsetilip o'tiliwi de u'lken sotsiallıq, ta'rbiyalıq a'hmiyetke iye.

Kodekste ortag'a qoyılg'an ja'ne bir ayrıqsha ma'sele – shan'araq qurıwda jaslardın' jınısı, rassası, milleti, tili, diniy isenimi, sotsiallıq kelip shıg'ıwı ha'm basqa jag'daylar kemsitilmesligi. Bul tu'rli milletlerge, rassalarg'a tiyisli bolıp, tu'rli dinlerge isenip  jasap atırg'an O'zbekstan puxaraları ma'plerin qorg'awg'a qaratılg'an insanıylıq  ideyalar.

Kodekste g'a'rezsiz O'zbekstanda shan'araq, atalıq, analıq ha'm balalıq hukıqı ma'mleket qorg'awında ekeni de ayrıqsha ko'rsetilip o'tilgen. Respublikamızda analıq ha'm atalıq ayrıqsha sotsiallıq, ruwxıy, ta'rbiyalıq tu'rleri sıpatında izzet-ikramg'a, hu'rmetke iye bolıp barmaqta. Bul xalqımızdın' tariyxıy da'stu'rleri, diniy isenimi, joqarı a'deplilik qa'driyatlardan kelip shıqqan ruwxıy pazılet. Tariyxımızdın' barlıq da'wirlerinde ha'm ata-analardı qa'dirlew, izzet hu'rmet qılıw, olardın' xızmetine tayar bolıw joqarı ma'nawiyat belgisi sıpatında

[1] «Xalq sozi» gazetasi. 1998 yil 29 may

qaralg'an. Sol sebepli de shan'araq bir tegis bolıp, perzent ko'rgen erkek ha'm hayalının' arzımag'an sebepler menen ajırasıp ketiwi, balaları jetim qalıwı jag'dayları kemnen-kem ushırasadı. Perzentler ku'yewi ha'm hayalı arasında muxabbat, isenim, juwapkershilik tuyg'ısın bekkemlewshi faktor bolg'an. Bul bag'darda tariyxıy da'stu'rlerimiz ha'm qa'diriyatlarımız g'a'rezsizlik jag'dayında da'wir ruwxı ha'm talapları menen aralasıp, ja'nede teren' tamır baylap atır.

O'zbekstan Respublikasının' xalıq bilimlendiriwin rawajlandırıw da'stu'ri ha'm shan'araqtı bekkemlew, oqıw orınları menen ata-analar, ja'miyetshilik arasındag'ı birge islesiwdi ja'ne de jaqsılaw ma'selelerine u'lken itibar berilgen.

Prezidentimiz salamat awladtı ta'rbiyalaw ideyasın g'a'rezsizlikke erisken da'slepki ku'nlerimizden – aq kerekli, mashqalalı wazıypa sıpatında ortag'a qoyg'anı belgili. Bul maqsetke erisiwdin' tiykarg'ı jolı – ta'lim-ta'rbiya mekemeleri, shan'araqta alıp barılıp atırg'an ta'rbiyalıq islerdi belgili bir ulıwma maqset ha'm ma'plerden kelip shıqqan halda bir-biri menen tıg'ız baylanıstırıwdur. Bul barada ku'n ta'rtibinde turg'an wazıypalardı ol o'zinin' to'mendegi pikirlerinde ko'rsetilgen: «Ha'm ma'mleket, ha'm sotsiallıq sho'lkemler, jan'a payda bolıp atırg'an birlespeler ha'm jamg'armalar o'z ku'shlerin birlestirip, bir jag'adan bas shıg'arıp, ma'halle – mektep – shan'araq ha'reketlerin a'melge asırıwda, denesi ku'sh g'ayratlı, aqılıy jetik, ruwxıy salamat ta'rbiyalawda hesh qanday ku'sh ha'm g'a'rejetlerdi ayamawı kerek»[1].

O'zbekstanda 2000 jıl «Salamat a'wlad jılı» dep ja'riyalanıwı Respublika basshıları ma'nawiyatın jetilistiriwge, shan'araqtın' jaslardı ta'rbiyalawdag'ı ornı ha'm a'hmiyetin ku'sheytiwge ja'nede teren'irek itibar berip atırg'anının' belgisi bolıp esaplanadı.

O'zbekstan Respublikası Prezidenti İslam Karimov salamat a'wladtı ta'rbiyalaw ma'mleketimiz ha'm xalqımız aldında turg'an kerekli wazıypa ekenligin ko'rsetip, ekinshi shaqırıq Respublika Oliy Ma'jlisi birinshi sessiyasında so'ylegen so'zinde bılay dedi: «2000 jıldı Salamat a'wlad jılı dep

[1] «Marifat» gazetasi, 1994 yil 28 sentyabr.

ja'riyalag'anımızdın' sebebi negizgi a'hmiyetin teren' an'lag'an halda bul maqsetimizdi tek o'tken jılda emes ba'lkim kelesi da'wirde de ma'mleket sıyasatı da'rejesine ko'terip ulıwma xalıqlıq jaqsı ha'reketke aylandırıwımız za'ru'r.

Shan'araq, analar ha'm hayal-qızlarımızdın' ja'miyettegi ornı ha'm da'rejesin asırıw ma'selesinde aldın baslang'an jumıslarımızdı a'melde dawam ettirip ja'nede joqarı da'rejege ko'teriwimiz za'ru'r.»[1]

Salamat a'wlad ta'rbiyalıq ku'shlilik g'ana emes ba'lkim birinshi na'wbette ruwxıy jetiskenlik belgisi bolıp esaplanadı. Salamat a'wlad tu'sinigi insan denesi ha'm ruwxıyatındag'ı bul eki ko'rinistin' birdeyliginin' belgisi. Bul xalqımızdın' milliy ta'rbiya barısındag'ı da'stu'rleri negizinde jatqan tiykarg'ı priintsiplerinin' biri bolg'an.

2000 jıldın' basında «Salamat a'wlad» da'stu'rinin' qabıl etiliwi de ma'nawiyattı jetilistiriw, shan'araqtın' ja'miyet turmısındag'ı da'rejesin bekkemlewge qaratılg'an za'ru'r bag'darlamalardın' biri boldı. Bul bag'darlama salamat a'wladtı ta'rbiyalaw ma'wsimlik wazıypa bolmay ma'mleket siyasatının' za'ru'r ha'm tiykarg'ı bag'darlarınan birine aylanıp baratırg'anın ko'rsetti. 2000 jıl 15 fevral ku'ni O'zbekstan Respublikası Ministrler Ken'esinin' «Salamat a'wlad bag'darlaması haqqında» g'ı qararı qabıl etildi Bul qararg'a tiykarınan ««Salamat bag'darlaması» da'stu'rin a'melge asırıwdı muwapıqlastırıw ha'm baqlap barıw ushın Respublika komissiyası du'zildi.

İslam Karimov 2000 jıl 24 fevral ku'ni Aqsarayda «Salamat a'wlad» ma'mleketlik bag'darlamasın orınlawg'a tiyisli islerdi muwapıqlastırıw ha'm baqlap barıw Respublika komissiyası ag'zaları menen ushırastı. Bul ushırasıwda Jurtbasımız salamat a'wladtı ta'rbiyalaw ju'da' qıyın ha'm ko'p qırlı miynet bolıp, ko'plep juwapkershilikli wazıypalardı o'z ishine alıwın ko'rsetedi. Bag'darlamada ha'r bir shan'araqtan baslap, insan ta'rbiyası menen shug'ıllanıwshı barlıq oqıw orınları, ja'miyetlik sho'lkemleri, ma'halle belsendileri, den sawlıqtı saqlaw sho'lkemleri aldına koyılg'an ma'selenin' a'hmiyeti sonda, salamat a'wladtı ta'rbiyalaw ushın pu'tin ja'miyet bir bolıp, bir jag'adan bas shıg'arıp, bar bolg'an

[1] İ.Karimov «Ozod va obod vatan, erkin va faravon h'aet pirovard maqsatimiz».T Wzbekiston. 2000 y 27 bet

materiallıq ha’m ruwxıy imkaniyatlardan tolıq ha’m sapalı paydalanıp ha’reket qılıw kerek. Bul bag’darlama orınlanıwı ushın son’g’ı jıllarda qabıl etilgen, ta’lim ta’rbiyag’a tiyisli bolg’an bag’darlamalardın’ barlıg’ı da tolıq a’melge asırılıwı za’ru’r. Sol sebepli joqarıda aytıp o’tilgen ushırasıwda jurtbasshımız «Salamat a’wlad» bag’darlamasının’ orınlanıwı boyınsha barlıq ministrlikler, ka’rxana ha’m sho’lkemler basshılarının’ tiykarg’ı wazıypası ekenligin ko’rsetdi.

Ushırasıwda jurtbasshımız salamat a’wladtı ta’rbiyalawdın’ ha’zirgi ku’nde ju’da’ u’lken a’xmiyetke iye ta’replerine de toqtap o’tti. Bunday a’hmiyetli wazıypalardın’ biri, a’sirese, jas qızlardı shan’araqta, mektepte shan’araq turmısı, turmısqa shıg’ıw, perzent ko’riw, olardı ta’rbiyalawg’a ruwxıy, a’dep-ikramlıq, psixologiyalıq, dene ha’m meditsinalıq jaqtan tayarlawdur. Ushırasıwda milliy da’stu’rlerimizde u’lken orın alg’an, ha’zirgi ku’nde ja’ne de u’lken a’hmiyetke iye bolg’an bul turmıs ma’selesi bir minut ta ata-analardın’, ustazlardın’ itibarınan shette qalmawı kerekligi ayrıqsha aytıp o’tilgen.

Shan’araq qurıw ha’r bir insannın’ ta’biyiy talabı, sotsiallıq juwapkershiligi ekeni, bunın ushın kerek bolg’an ruwxıy, dene ta’rbiya, meditsinalıq mashqalalardı biliw, turmısqa g’a’rezsiz qa’dem qoyıw aldında turg’an qızlar ha’m jigitler ushın pa’n, texnika tiykarların iyelewden de kerekrek desek qa’te bolmaydı. İnsan ushın shan’araq kurıw, perzent ko’riw kerek, onı ta’rbiyalaw bolsa ja’nede o’z aldına ayrıqsha dıqqat talap etedi.

Ekinshi wazıypa – jaslarda salamat shan’araq haqqındag’ı tu’sinikti qa’liplestiriw. Jaslar shan’araqtın’ ullı ruwxıy qa’driyat, ma’jbu’riyat ha’m juwapkershilik ekenin an’lap jetiwi za’ru’r. Jigit ha’m qızlar bekkem shan’araqtı qa’liplestiriw barısında milliy da’stu’rlerimiz, qa’driyatlarımız haqqında jaslayınan-aq tolıq ha’m tuwrı tu’sinikke iye bolıwı kerek. Shan’araqtag’ı turmıs, ata-ananın’ bir-birine mu’na’sebeti ha’m sonday tu’sinik ha’m oylawlar qa’liplesiwinin’ tiykarg’ı sha’rtleri.

Jigit ha’m qızlardın’ ruwxıy kamalatı ha’m denesinin’ jetilisiwindegi en’ na’zik, en’ kıyın ha’m juwapkerli da’wiri ulıwma bilimlendiriw mekteplerinde oqıw jıllarına tuwra keledi. Sol sebepli jaslarda shan’araqtın’ muqadessligi ha’m

juwapkershiligi, ar-namısı, qa’dir–qımbatı, xadallıq haqqındag’ı tu’siniklerin qaliplestiriw maqsetinde mekteplerdegi oqıw rejelerine belgili bir jan’alıqlar kirgiziw kerekligi ma’selesi «Salamat a’wlad» da’stu’rinde ayrıqsha ko’rsetip o’tildi.

U’shinshi wazıypa– analar ha’m jas balalarg’a g’amxorlıq qılıw, olardın’ salamatlıg’ın bekkemlew, materiallıq ta’miyinlengenligin jaqsılaw ushın sharayatlar jaratıw. A’dette salamat anadan salamat bala tuwıladı. Bul jag’ınan analardın’ salamatlıg’ı, jasaw ha’m jumıs islew sharayatları qandaylıg’ı da salamat a’wladtı ta’rbiyalaw wazıypası menen baylanıslı. Jas, kishkene balalardın’ o’siwi ha’m salamatlıg’ı ushın kerek vitaminler ananın’ denesinen su’tine o’tedi. O’zinin’ qarnı toymag’an, tınısh, jasawg’a imkanı bolmag’an ana salamat perzentti du’nyag’a keltiriwi ha’m ta’rbiyalawı qıyın. Jurtbasshımız ma’selenin’ mine sol tamanın da itibardan shette qaldırıw mu’mkin emesligin ko’rsetedi.

To’rtinshi wazıypa - Salamat a’wlad da’stu’rinde orın algan mashqalalardan ja’ne biri - bir jasqa shekem bolg’an kishkene balalardın’ o’mirin asıraw ma’selesi. Bul insan turmısındag’ı ju’da’ qa’weterli da’wir esaplanadı. Balalardın’ denesi shınıqpag’anlıg’ı sebepli bul da’wirde olardın’ organizminde tu’rli beloklar jetispewi tez seziledi. Tu’rli kesellikler menen de balalar bir jasqa shekem bolg’an waqıtta kessellenedi. Da’stu’rde analar ha’m balalar salamatlıg’ına mine sol da’wirde ju’da’ u’lken itibar beriw kerekligi ko’rsetip o’tilgen.

Besinshi wazıypa – balalar bir jastan bes-altı jasqa shekem bolg’an da’wirde olardın’ salamatlıg’ın bekkemlew, ta’rbiyasın tuwrı jolg’a qoyıw. Bul da’wirde bala shaqqan ha’reket etip, denesi shınıg’adı, organizminin’ ha’r bir ag’zası o’z xızmetin kerekli da’rejege tu’siredi. Jaslıg’ınan salamat o’sip, denesi shınıqqan bala keyinirek ku’shli bolıp o’sedi. Balalardın’ ruwxıy kamalat imkaniyatları jag’ınan da bul da’wir qaytalanbas bolıp esaplanadı. Olardın’ ta’biyat, ja’miyet, ulıwma turmıs haqqındag’ı da’slepki tu’sinikleri de tiykarınan sol da’wirde qaliplesedi ha’m sanasında, iseniminde teren’ orın aladı. Sol sebepli de balalıqtag’ı eslewlerdi bir qansha uzaq ha’m anıg’ıraq tu’sinip ju’remiz. Balanın’ bul

da’wirdegi ta’rbiyası ushın shan’araq ha’m mektepke shekemgi ta’rbiya orınları juwapker.

Altınshı wazıypa - mayıp balalardı ma’mleket ta’repinen qorg’alıwın ku’sheytiriw, olar ja’miyette o’z ornın tabıwı, pa’rawan, baxıtlı turmıs keshiriwi ushın sha’rt-sharayatlardı jaratıw. Bul milliy, diniy da’stu’rlerimizde de sawaplı is dep bahalang’an.

Salamat a’wladtı ta’rbiyalaw ma’wsimlik wazıypa emes, ba’lki milletimiz. ma’mleketimizdin’ keleshegi ma’selesi. Salamat a’wladtı ta’rbiyalaw g’a’rezsizligimiz ushın u’lken a’hmiyetke iye ekeni a’piwayı puxaradan tartıp tu’rli lawazımda islewshi basshılardın’ ha’mmesi biliwi kerek.

Salamat a’wladtı ta’rbiyalaw islerin jaqsılawdag’ı ja’ne bir kerekli ma’sele – shan’araqlarda balalardı mektep bilimine tayarlaw burınları mektepke shekemgi ta’rbiya sho’lkemlerinde a’melge asırılar edi. Balalar baqshalarının’ sanı kemeyip baratırg’anı sebepli ha’zirgi sharayatta ata-analardı balaların mektep bilimlendiriwine tayarlawdag’ı juwapkershiligi artıp barmaqta. Bul isti o’z halına taslamay, ata-analar ushın ayrıqsha qollanbalar jaratıw wazıypası da ku’n ta’rtibine qoyılmaqta.

Ata – anası, turar jeri joq balalar arasında ta’lim-ta’rbiya islerin alıp barıw, olarg’a mehir- mu’riwbet, reyimli bolıw da u’lken a’xmiyetke iye. Bunday balalar ushın «mexribanlıq u’yleri», «mu’rriwbet»jaslar jataqxanaları sho’lkemlestirilgen, olardın’ ruwxıy jetik, denesi salamat bolıp jetilisiwi ushın barlıq sharayatlar jaratıw da u’lken a’hmiyetke iye.

Salamat a’wladtı tarbiyalawg’a tiyisli bolg’an isler qatarına jaslardın’ bos waqtın boldırmaw ushın, olardı paydalı miynetke, qızıqlı do’gereklerge, sport klublarına tartıw ma’selesine de u’lken itibar berilmekte. Ulıwma alg’anda jaslardın’ bos waqtın jaqsı paydalanıw, ta’lim-ta’rbiya islerin jan’a basqıshqa ko’teriw u’zliksiz bilimdi a’melge asırıwdın’ en’ kerekli jollarının’ biri bolıp qalıwı kerek.

Qızlarg’a u’y-ruzıgershilik islerin u’yretiwde mektepler ata-analar menen birge islesiwi kerek. Bul islerde qızlar ko’birek analarına, u’ylerindegi

sharayatlarg'a elikleydi. «Qırg'aq ko'rip boz ol, ana ko'rip qız al» degen xalıq maqalının' a'hmiyeti a'ne sol ma'nide ayqın ko'zge taslanadı.

«Qızlar g'a'rezsiz turmıs bosag'asında» temasındag'ı ko'rik-tan'lawı ha'r bir mektepte, orta arnawlı bilim ha'm joqarı oqıw orınlarında turaqlı tu'rde o'tkerilip turıwı maqsetke muwapıq. Bul ma'wismlik sho'lkemlestiriw emes, ba'lki dawamlı da'stu'r bolıp qalıwı kerek.

«Salamat a'wlad» bag'darlamasında ziyrek jaslardın' kamalatı ushın ayrıqsha sharayatlar, mayıp balalardı meditsinalıq –sotsiallıq tiklew ma'selelerine de u'lken itibar berilgen. Bul ayrıqsha mashqalalardı sheshiw ma'selesi ku'n ta'rtibine qoyılmaqta.

«Salamat a'wlad» bag'darlamasında ziyrek jaslardın' o'nip o'siwi ushın ayrıqsha sha'rayatlar jaratıw mayıp balalardı meditsinalıq sotsiallıq tikleniw ma'selelerine de u'lken itibar berilgen. Bul u'lken mashqalalardı sheshiw boyınsha da ayrıqsha jıyınlar rejesin islep shıg'ıwda da oqıw orınları, shan'araqlar, ja'miyet sho'lkemleri ortasındag'ı birliktin' a'hmiyeti u'lken. Oqıw orınları baslag'an jıyınlar shan'araqlar ta'repinen qollap quwatlanbasa olar shala jolda qalıp kete beredi. Talantlı balanın' barlıq qa'biletleri ju'zege shıg'ıw ushın shan'araqta ha'm imkaniyat, ha'm qızıg'ıwshılıq, za'ru'rlilik bolıwı, ata-analar da bul ma'selenin' za'ru'rligin tu'siniwi kerek.

Jaslardın' huqıqıy ma'deniyatın qa'liplestiriw de ruwxıy jetik insandı ta'rbiyalawdın' za'ru'rli sha'rti bolıp esaplanadı. Huqıqıy ma'deniyatı to'men adamdı ma'nawiy jetik dep bolmaydı. Sonlıqtan jaslardın' huqıqıy ma'deniyatı qanday ha'm qay da'rejede ekeni oqıw orınlarındag'ı ta'lim-ta'rbiya jumıslarının' tiykarg'ı ko'rsetkishlerinen biri bolıwı lazım.

«Salamat a'wlad» bag'darlamasında baslang'ısh mekteplerdegi kem ta'miynlengen shan'araqlardın' balaların qısqı kiyimler menen ta'miynlew wazıypası belgileniwi, mektepke deyin ta'rbiya tarawları, mektep internatlar ha'm basqa bilimlendiriw sistemasındag'ı tarawlardı kerekli mug'darda ha'm belgilengen tu'rdegi joqarı da'rejeli azıq awqat o'nimleri menen u'zliksiz ta'miynlew ma'selesi ku'n ta'rtibine qoyılıwı da jaslardın' ilimiy, ruwxıy

ta’rbiyalıq jaqtan jetilisiwine ma’mleket u’lken itibar berip atırg’anlıg’ının’ ja’ne bir belgisi bolıp esaplanadı. Fizikalıq ta’rbiya sisteması ha’m teoriyasın, metodların tariyxıy u’rp a’detlerimiz ha’m jergilikli sha’rayatlarına maslastırıw da u’lken a’hmiyetke iye. Ta’lim ta’rbiya mekemelerinin’ barlıq formaları ha’m basqıshlarında fizikalıq salamatlılıqtın’ ma’nisi ha’m sotsiallıq a’hmiyetin ken’nen u’git-na’siyatlaw kerek.

Ja’miyette balalardın’, hayallardın’ abıroyın asırıw is-ilajların belgilew, awıllarda er jetpegen qızlardı awır fizikalıq dala jumıslarınan azat etiw, islep shıg’arıw ilim-pa’n, ruwxıylıq ha’m ag’aratıwshılıq tarawlarında ba’nt bolg’an hayallarıdı sotsiallıq qorg’awdı ja’ne de ku’sheytiw ha’m salamat awladtı ta’rbiyalaw menen baylanıslı bolg’an ilajlar sistemasına kiritlgen.

Ulıwma alg’anda «Salamat a’wlad» bag’darlamasının’ qabıl etiliwi ma’mleketimizde ruwxıy ha’m fizikalıq jetik jaslardı ta’rbiyalaw jumısları jan’a basqıshqa ko’terilip atırg’anın ko’rsetedi.

O’zbekstanda 2000 jılda salamat a’wladttı ta’rbiyalaw boyınsha belgilengen rejelerdi orınlaw haqqında u’lken ilajlar a’melge asırıldı. Bul boyınsha jumıslar salamat a’wladtı ta’rbiyalaw ju’zesinen qabıl etilgen ma’mleketlik bag’darlamasında belgilengen altı bag’dar boyınsha alıp barıldı:

**Birinshi bag’dar** –salamat a’wladtı ta’rbiyalaw ushın shan’araqta joqarı a’deplilik, ruwxıy salamat ortalıqtı jaratıwdan ibarat boldı. Usı maqsetler menen baylanıslı bolg’an halda «Analıq mektebi», «Meditsinalıq jumıslar tiykarı», «Jas o’spirimlik da’wiri» usag’an bir qansha jan’a bag’darlamalar turmısqa engizildi. «Shan’araq kodeksi» talaplarına tiykarlanıp jaslardı turmıs qurıwdan aldın meditsinalıq ko’rikten o’tkeriw, jas shan’araqlar ushın da’slepki bes jıl dawamında dispantser qadag’alawın sho’lkemlestiriw menen baylanıslı ken’ ko’lemli ilajlar a’melge asırıla basladı. Bul isler ushın 2000 jılda 170 mln. sum g’a’rejet sarıplandı.[1]

[1] Qarang «İshonch» gazetasi 8 dekabr, 2000 yil

O’zbekstandag’ı barlıq nekelerdi dizimge alıw bo’limlerinde turmıs qurıp atırg’an jaslar ushın shan’araqtın’ qa’siyeti ha’m juwapkershiligi shan’araq haqqındag’ı milliy u’rp-a’detlerimiz bala ta’rbiyası sıyaqlı temalar boyınsha za’ru’r mag’lıwmatlar beriwshi «Shan’araq ma’sla’ha’txanaları» ashıldı. Bir jıl dawamında bunday ma’sla’ha’txanalar ishinde 20 mın’nan zıyat jigit ha’m qız qatnastı.

**Ekinshi bag’dar -** ma’mleket, ja’miyet ha’m turmıstın’ salamat a’wladtı ta’rbiyalawdag’ı juwapkershiligin asırıw jolındag’ı ilajlar boldı. «Salamat a’wlad ushın» xalıkaralıq qayırqomlıq jamg’arması belsendiligi menen ayrıqsha itibar talap etetug’ın aymaqlarda 20 mın’ shan’araq, 30 mın’nan zıyat turmıs qurıp atırg’an jigit-qızlar patronajdan o’tkerildi. Bul jamg’arma alıp barg’an isler, ma’mleket ko’rsetken g’amxorlıq na’tiyjesinde bir jıl dawamında bes millionnan ko’birek perzent ko’riw jasındag’ı hayallar, altı jasqa shekemgi bolg’an balalardın’ 98 % tolıq meditsinalıq ko’rikten o’tkerildi, dawalanıwg’a mu’ta’j bolg’anlarg’a ja’rdem ko’rsetildi. 6 million AQSh dolları mug’darında mu’riwbetlik ja’rdemi tuwıw u’yleri ha’m balalar emlewxanalarına jan’a a’sbap-u’skeneler, da’ri-da’rmanlar menen ta’miyinlewge sarplandı. Ayırım qalalarda respublika ginekologiya ha’m akusherlik ilimiy-izertlew institutının’ bo’limleri du’zildi. Ferg’ana, Buxara, Termez qalalarında en’ jan’a zamanago’y u’skeneler menen ta’miyinlengen «Ana ha’m bala skrining» meditsinalıq orayları xızmet ko’rsete basladı. Bul barada sho’lkemlestiriw ushın tek 2000 jıldın’ o’zinde 440 mın’ AQSh dolları sarıplandı.

Da’stu’rdin’ balalar salamatlıg’ın bekkemlew, olardın’ bilim alıwı, denesi, ruwxıy kamal tabıwı menen baylanıslı bolg’an wazıypalardı ken’ ko’lemde orınlaw ma’selelerine de u’lken itibar berildi. Balalardın’ tuwma keselliklerin dawalaw boyınsha itibarg’a ılayıq bolg’an ko’p isler qılındı. Tashkent qalasında ulıwma baxası 121 million AQSh dollarına ten’ bolg’an «SOS-O’zbekstan balalar ma’ha’llesi» qurılısı baslandı.

Mekteplerde oqıytug’ın jas balalarg’a da u’lken ja’rdemler ko’rsetilgeni ha’mmemizge belgili. 2000 jıldın’ o’zinde ulıwma bilim mekteplerinin’ birinshi

klasına kirip atırg'an balalar, mexribanlıq u'ylerinde ta'rbiyalanıwshılardı sabaqlıqlar, oqıw quralları menen ta'miyinlew ushın 2 milliard 508 million swmnan ko'birek g'a'rejet jumsaldı. O'zbekstannın' qala ha'm awıllarında ken' ko'lemde zamanago'y litseyler ha'm kolledjler qurılıp atırg'anı da salamat a'wladtı ta'rbiyalaw menen baylanıslı bolg'an sho'lkemlestiriwshilik dizimine kiredi.

Salamat a'wlad-ruwxıy kamalatınının' dene salamatlıg'ı menen birligi. Sol sebepli O'zbekstanda dene ta'rbiyası ha'm sporttı rawajlandırıwg'a u'lken itibar berilmekte. Barlıq basqıshtag'ı oqıw orınlarında sport, dene ta'rbiya isleri ken' jolg'a qoyıldı.

Milliy sport tu'rlerin rawajlantırıw ha'm ken' u'git-na'siyatlawg'a da u'lken itibar berilmekte. «Alpamıs oyınları», jaslar arasında tennis jarısı, spartakiadalar solar qatarına kiredi.

Bul barada sho'lkemlestiriwshi adamlardın' sanası, isenimi, turmısta go'zlegen ma'nzillerine de ta'sir etedi. İslam Karimov ko'rsetip o'tkenindey, «Salamat a'wlad» bag'darlamasında belgilengen ilajlardı a'melge asırıw na'tiyjesinde, mine sol qayırlı ha'm sawaplı isler sebepli ken' ja'ma'a'tshilik sanasında, xalqımız du'nya qarasında salamat a'wlad ma'selesine bolg'an mu'na'sebet tu'pten o'zgerip barmaqta»[3].

İslam Karimov salamat awladtı ta'rbiyalaw menen baylanıslı ilajlar ken' ko'lemliligi menen, ma'wsimlik emesligi, ma'mleketimiz ha'm milletimiz rawajlanıwı ushın ju'da' u'lken a'hmiyetke iye ekenligin ko'rsetip, 2000 jıl 7 dekabrde O'zbekstan Respublikası Konstitutsiyasının' 8 jıllıg'ına bag'ıshlang'an jıynalısta so'ylegen so'zinde 2001 jıldı ma'mleketimizde «Analar ha'm balalar jılı» dep ja'riyalaw haqqındag'ı usınısın kiritti. Bul ta'lim-ta'rbiya isleri bag'darında pu'tikilley jan'a bir jo'nelis emes, ba'lki salamat a'wladtı ta'rbiyalawdag'ı ilajlardın' anıq dawamı, jan'a bir basqıshdur. İslam Karimov ko'rsetip o'tkenindey, biz «salamat a'wlad jılı» dep ja'riyalag'an 2000 jıl dawamında

[3] Qaran' «İshonch» gazetasi 8 dekabr, 2000 yil

qılıng'an barlıq jaqsı ha'm sawaplı islerimizdi jan'a jılda da dawam ettiriwimiz za'ru'r»[4].

İslam Karimov o'z so'zinde bul bag'darda qılınıwı lazım bolg'an wazıypalardı da belgilep berdi. Bul wazıypalarg'a ana bawırında payda bolg'an zu'rriyattın' salamat halda rawajlanıwı, onı en' zamanago'y meditsinalıq u'skeneler ja'rdeminde baqlap barıw, ananın' salamatlıg'ın saqlap, balanın' da salamat tuwılıwın ta'miyinlew, tuwılg'an kishkene balanı du'nyag'a kelgen ku'ninen-aq meditsinalıq baqlaw astına alıw, tu'rli keselliklerge qarsı emlew ha'm basqa ilajlardı a'melge asırıw, balalardı jaslıg'ınan dene, ruwxıy salamat etip ta'rbiyalaw, ta'rbiyanın' pedagogikalıq, psixologiyalıq mashqalaların ata-analarg'a tu'sindiriw, bul islerde ata-babalarımızdan miyras bolıp qalg'an bag'darlamalardan, qa'driyatlardan paydalanıw ha'm basqalar kiredi.

Ta'rbiya mashqalaları insaniyat tariyxının' barlıq da'wirlerindegi ideyalar, ideologiyalar sistemasınan da u'lken orın alg'an. İnsannın' sanası, isenimi ushın bolg'an gu'resler de jaslarg'a ta'rbiyalıq jolları arqalı su'wretlew tu'rinde ko'rsetiledi. Sol sebepli denesi salamat, ruwxıy barkamal insandı ta'rbiyalaw O'zbekstan milliy g'a'rezsizlik ideyasının' tiykarg'ı printsiplerinin' biri bolıp qalmaqta.

İslam Karimov milliy ideologiyamızdın' tiykarg'ı ideyalıq ta'rbiyalıq ta'repleri jo'ninde ayrıqsha toqtap to'mendegi pikirlerdi ayttı: «Milliy ideologiya xalıqtın' maqsetlerin ko'rsetedi, tariyx sınawlarınan o'tiwde onın' ruwxın ko'terip, tayanısh boladı, bul millet, bul ja'miyet dus keletug'ın ko'plep turmıslıq ha'm ruwxıy mashqalalarg'a juwap izleydi. Ol insang'a tek materiallıq baylıqlar, nematlar ushın emes, da'slep, Alla taala bergen aqıl-zakawat, iyman isenim sebepli joqarı ma'nawiyatqa erisiw ushın umtılıp jasaw lazımlıg'ın an'latatug'ın, bul quramalı ha'm qa'weterli du'nyada onın' rawajlanıw jolın jarıtatug'ın mayakdur»[5].

Ma'nawiy jetik, denesi salamat a'wladtı ta'rbiyalaw milliy ideyamızdın' a'hmiyetli printsiplerinendur. Sol sebepli de İslam Karimov 2000 jıl 6 aprel ku'ni

---

[4] Qaran' «İshonch gazetasi» 8 dekabr, 2000 yil

[5] Milliy istiqlol g'oyasi: asosiy tushuncha va tamoyillar. Tashkent, 2000 yil, 3-bet.

Aqsarayda belgili filosoflar, tariyxshı, siyasatshılar, sotsiolog, pedagog, psixolog, a’debiyatshunas ilimpazlar menen bolıp o’tken ushırasıwda milliy ideya ha’m ideologiyanın’ jaslardı ta’rbiyalawdag’ı ornı ha’m a’hmiyeti ma’selesine u’lken itibar berdi.

İnsan ta’rbiyag’a bir o’mir mu’ta’j boladı. Biraq insan ruwxıy, dene kamalatının’ birinshi fundamenti qoyılıp atırg’an shan’araqtag’ı ta’rbiyanın’ ornı, a’hmiyeti kerekli ha’m qaytalanbas. Sol sebepli de xalqımız ata-ana u’yretken a’dep-ikramlıq perzentler ushın miyras bolıp qalatug’ın en’ u’lken baylıq dep qarag’an.

Shan’araqtın’ a’hmiyeti, ata-analar ham perzentelr arasındag’ı mu’na’sebetler xaqqında u’lken-u’lken shıg’armalar jazılg’an. Ta’lim ta’rbiya ma’selelerinde barlıg’ımız tariyxıy miyraslarımız ha’m o’z da’wirimizdin’ talapları ha’m imkaniyatlarınan kelip shıg’ıp pikirleymiz. Biraq rawajlanıw dawam ete beredi. İnsan ta’rbiyasın rawajlantırıw, ruwxıy kamalatın jan’a basqıshqa ko’teriw za’ru’rligi hesh qashan toqtamaydı.

Ja’miyet rawajlang’an sayın salamat a’wlad tu’siniginin’ mazmunı ken’eyip, jaslardı da’wir ruwxı, talapları tiykarında ta’rbiyalaw bag’darındag’ı wazıypalar sisteması da rawajlanıp baradı.

## I. 2. Shan’araq ma’jbu’riyatı ha’m juwapkershiliginin’ sotsiallıq, ruwxıy tiykarları.

Shan’araq ja’miyettin’ negizgi quramı. Shan’araqtın’ qa’liplesiwi ha’m rawajlanıwı ja’miyet turmısındag’ı siyasiy, ekonomikalıq, sotsiallıq, ruwxıy mu’na’sebetler menen tıg’ız baylanıslı tu’rde a’melge asqan, ja’miyet turmısında bolıp turatug’ın o’zgerisler, adamlardın’ turmıs ta’rizi, jasaw ha’m miynet qılıw sharayatları, milliy a’deplilik normaları. Psixologiyası, diniy isenimleri ha’m shan’araqtag’ı mu’na’sebetlerdin’ tu’ri ha’m mazmunına ta’sir etken. Sol sebepli shan’araqtag’ı mu’na’sebetlerdin’ a’deplilik, huqıqıy, sotsiallıq normaları o’zgerip turg’an.

Matriarxat yamasa patriarxatqa tiykarlang’an shan’araqtag’ı mu’na’sebetler ju’zege keliwi ha’m ja’miyettin’ rawajlanıwı belgili basqıshlarındag’ı sotsialıq, ekonomikalıq imkaniyatlar menen belgilengen. Tariyxta sonday da’wirler de bolg’an, shan’araq kurg’an erkek ha’m hayaldın’ birge emes, ba’lki o’zleri tiyisli bolg’an urıw ha’m qa’wimlerinde jasag’an. Shan’araq barlıq waqıtta rawajlanıwda bolıp, onın’ tu’rleri, ta’rbiyalıq imkaniyatları da o’zgerip turg’an. Bir erkek bir hayaldan ibarat bolg’an monogam shan’araqtın’ qa’liplesiwi de ja’miyet rawajlanıwının’ belgili bir da’wirlerindegi imkaniyatlar, talaplar, ruwxıy isenimler tiykarında ju’zege kelgen.

Tariyxıy rawajlanıw protsessinde shan’araqtag’ı mu’na’sebetlerdin’ rawajlanıwına ja’miyettin’ ha’m jama’a’tshiliktin’ ta’sirin o’tkeriw, olardı basqarıw za’ru’rligi de ku’sheyedi. Bul za’ru’rlik na’tiyjesinde neke menen baylanıslı mu’na’sebetler kelip shıqqan. Neke shan’araq qurıp atırg’an eki jas arasındag’ı mu’na’sebetlerdi ma’mleket, ja’miyet tarepinen belgili bir a’deplilik, huqıqıy normalar tiykarında basqarılıwı za’ru’rligi na’tiyjesinde payda bolg’an bayramlar. Neke eki jastın’ razılıg’ı tiykarında du’zilip, o’z-ara isenim, hu’rmet ha’m muxabbatqa tayanadı. Neke-shan’araq qurıp atırg’an eki jastın’ bir birine, ja’miyetke, perzentlerine bolg’an ruwxıy, huqıqıy ma’jbu’riyatı ha’m juwapkershiligin belgilew. Nekenin’ muqaddes dep sanalıwı da shan’araq ten’ligi tiykarg’ı tu’rlerinin’ biri bolıp kelmekte.

Bul jarıq du’nyag’a endi kelip atırg’an jan’a a’wladtın’ ruwxıy qa’liplesiwi nekenin’ haqıyqatlıg’ı ha’m shan’araqtın’ bekkemligine baylanıslı. Ruwxıy birlik, muxabbat itibarg’a alınbay du’zilgen neke shan’araqtı ha’lsiretedi, perzentlerinin’ ruwxıylıg’ının’ qa’liplesiwine de jaman ta’sir etedi. Shan’araq bekkem bolmasa ja’miyet te bekkem bolmaydı. Sol sebepli de barlıq da’wirlerde shan’araq bekkemligi ja’miyet ten’liginin’ negizgi sha’rti dep qaralg’an. İslam filosofiyası ha’m hukıkının’ jetik bilimdanlarının’ biri, ataqlı Rizouddin ibn Faxruddin shan’araqtın’ ja’miyet turmısı ha’m rawajlanıwındagı ornı, a’hmiyeti haqqında to’mendegi pikirlerdi aytqan edi: «İnsanlar dini- du’nyaların du’zetpekshi bolsan’,

en’ da’slep go’zzal minezge iye bolıw arqalı shan’araqlardı du’zetin’! Shan’araqlar du’zilgennen son’ ha’m din, ha’m du’nya da du’zeledi»[6].

**Shan’araqtın’ qa’liplesiwi, rawajlanıwına tiykar bolg’an a’deplilik, huqıqıy, sotsiallıq tu’rleri to’mendegiler:**

Shan’araq eki jınısqa tiyisli bolg’an jaslardın’ o’spirimlikten o’tip er jetip birlesiwi, ta’biyiy talap, belgili da’stu’rler, a’deplilik q a’driyatlar, huqıqıy normalarg’a tayanıp birge turmıs qurıw.

Shan’araq insanlarg’a ta’n bolg’an a’deplilik qa’driyatlar – o’z ara hu’rmet, isenim, muhabbat, birge islesiw, ha’mda’rtlik tuyg’ılarının’ ku’ndelikli turmıstag’ı ko’rinisi. Jigit ha’m qız eki jınısqa tiyisli bolg’anı ushın emes, ba’lki bir-birin su’ygeni, bir o’mir birge bolıp, tatıw jasawg’a, perzentler ko’riwge, turmıstın’ barlıq awır jen’illiklerin jen’ip o’tiwge isengeni ushın da shan’araq quradı. Shan’araq mu’na’sebetlerinde ta’biyiy talapqa qarag’anda sotsiallıq, ruwxıy faktorlar u’stin a’hmiyetke iye boladı.

Shan’araqta balalar ta’rbiyası u’lken sotsiallıq a’hmiyetke iye. Balalar aqıllı, a’depli. Miynet su’ygish, hadal, iymanlı, insaplı bolıwınan ata-anag’a g’ana emes, birinshi na’wbette pu’tin ja’miyet ma’pdar. Sebebi ja’miyet rawajlanıwın, insaniyattın’ jarqın rawajlanıwın ruwxıy jetik, denesi salamat jaslar g’ana ta’miyinley aladı.

Shan’araqta adamlardın’ tuwısqanlıq, ag’ayin-tuwısqanshılıqqa tiykarlang’an mu’na’sebetleri qa’liplesedi.

[6] «Sharq yulduzi» jurnali, 1992 - yil. 10 - son 84 bet.

Bul da insaniyat ushın ju'da' a'hmiyetli. Ag'ayin-tuwısqanshılıq penen baylanıslı mu'na'sebetler ha'm ja'miyet turmısı ha'm rawajlanıwında u'lken orın tutadı. Ag'ayin-tuwısqanlardın' ma'jbu'riyatına tiykarlang'an birligi, birge islesiwi, sotsiallıq mu'na'sebetlerdi ten'lestiriwdin' sha'rtlerinin' biri esaplanadı. Ag'ayin-tuwısqanshılıqtı an'law, bekkemlew menen baylanıslı da'stu'rler xalqımızdın' joqarı ruwxıy qa'driyatlarının' biri esaplanadı. Quranı Ka'rimde de ag'ayin-tuwısqanlarg'a mehr-mu'riwbetli bolıw insannın' qılıwı lazım bolg'an sawaplı islerdin' biri sıpatında su'wretlenedi. «Niso» su'resinde mınaday hikmetli pikirler bar:«Allahqa ibadat kılın'lar, og'an hesh kimdi sherik qılman'lar. Ata-anag'a, tuwısqanlarg'a, jetimlerge, ka'mbag'allarg'a, qon'sılarg'a, a'piwayı adamlarg'a, shan'araq ag'zaların'ızg'a jaqsılıq qılın'lar»[7].

Bizin' shan'araqlarmızda ata-analarg'a, perzentlerge, tuwısqan uruwlaslarg'a mu'na'sibet ma'selesinde de huqıqıy ma'jbu'riyatqa qarag'anda a'deplilik juwapkershilik u'stinlik qıladı.

Ata-babalarımız a'sirler dawamında shan'araq qurıwg'a juwapkerlik penen qarag'an, jaslar ma'nawiyatlı bolıp ta'rbiyalanıwına u'lken itibar bergen. Kelinnin' yamasa ku'yewinin' jeti pushtı saw-salamatlıg'ın, olardın' a'debin, ata-anası, tuwısqanları sorastırıw da ju'da' a'jayıp jaqsı da'stu'r bolg'an. Bul islerde jaslardın' ruwxıy sa'ykesligi, a'wladlar salamatlıg'ı, jan'a shan'araq bekkem bolıwı sıyaqlı faktorlarg'a ko'birek itibar berilgen. Bul da'stu'rler ha'zir de jaslardın' shan'araq turmısı, ja'miyet ha'm perzentleri aldındag'ı ma'jbu'riyatı menen baylanıslı juwapkershiligin arttıradı. Salamat shan'araqlardın' ruwxıy tiykarları bekkem bolg'anı sebepli erli-zayıplardın' ajıralıp ketiwi, perzentlerdin' qarawsız qalıwı jag'dayları kemnen kem ushıraydı.

Shan'araq insan a'wladı rawajlanıwının' dawamlılıg'ın ta'miyinleydi. Shan'araqta kamal tapqan bala denesi jetik, belgili bir ruwxıy pazıletlerin iyelegen, sotsiallıq ha'm huqıqıy ma'jbu'riyatın an'lag'an insan sıpatında ta'rbiyalanadı. İnsannın' tiykarg'ı a'xmiyeti ma'nawiyat eken, onın' da'slepki ko'rinisleri de shan'araqtag'ı ta'rbiya protsessinde qa'liplesedi. Turmısı dawamında insannın'

[7] Kuroni Karim, «Niso»surasi.T., «Ezuvchi» nashrieti, 1992 yil, 36 – bet.

ruwxıy kamalatına ju'da' ko'p faktorlar ta'sir etedi. Biraq olardın' birewin de shan'araqtag'ı ta'rbiyanın' ornın iyeley almaydı. Shan'araqtın' ja'miyet ushın kerekligi – insan ruwxıy kamalatındag'ı o'zine ta'n, qaytalanbas mektep ekenliginde. Sol sebepli de barlıq da'wirlerde shan'araq ten'ligi, ondag'ı ruwxıy ortalıq ja'miyet, ja'ma'a'tshilik itibarında bolg'an. Barlıq ma'mleketler, dinler, sotsiallıq-siyasiy ku'shler, gruppalar bul mashqalanı itibardan shette qaldırmag'an.

Ma'mleket shan'araqtın' bekkemleniwi, onın' materiallıq ta'miynleniwi ha'm ruwxıy halatı, er ha'm hayal, balalar menen ata-analar arasındag'ı mu'na'sibetlerdi sheshiwdi o'z juwapkershiligine aladı. Ko'p balalı shan'araqlarg'a ja'rdem ko'rsetiw o'z balalarına tuwrı ta'rbiya bermeytug'ın ha'm beriwdi qa'lemeytug'ınlardı atalıq ha'm analıq huqıqtan ayırıw, qarawsız qalg'an balalar ta'rbiyasın ma'mleket o'z juwapkershiligine alıwı da usınday jıyınlar qatarına kiredi. Analardın', perzentlerinin' salamatlıg'ın bekkemlew ushın tu'rli sharalar ha'm jıyınlar o'tkeriw wazıypasın da ko'plep ma'mleketler o'z moynına alg'an.

Tariyxıy ma'deniyatımız, da'stu'rlerimiz da'slepki belgileri haqqında mag'lıwmat beriwshi «Avesto»da shanaraqtag'ı ortalıq, erkek ha'm hayal arasındag'ı mu'na'sebetler, olar bir-birin tu'siniwi, ko'meklesiwi, mehr-aqıbetligi, perzent ta'rbiyası menen baylanıslı juwapkershilikti an'lawı ja'miyet rawajlanıwının' tiykarg'ı faktorlarının' biri dep qaralg'an.

Ja'miyet rawajlanıwının' barlıq da'wirlerinde bir-birin su'yip shan'araq qurıw ma'selesine u'lken itibar berilgen. Jan'a shan'araqtın' payda bolıwı ha'mme waqıt ko'terin'ki tu'rde belgilew turmıs qurıp atırg'an eki jasqa bildirilip atırg'an hu'rmet ha'm olardın' moynına ju'klenip atırg'an sotsiallıq, ruwxıy juwapkershilik esaplanadı. Ata-analar, tuwısqan-uruwlaslar, qon'sı qobalar, dos-yaranlardın' jaslarg'a qılg'an na'siyatı, jan'a shan'araqtın' materiallıq tiykarların bekkemlew ushın berip atırg'an sawg'aları  eki jastın' o'miri shiyrin keshiwi, turmıs mazmunın tu'siniwde uyg'ınlıq, bir pikirlik, ha'm birge bolıwın ta'miyinlew ushın qılıng'an maqsetli ha'reket.

Ata-babalarımız ju'da' a'yyemgi zamanlardan baslap toyda kelin-ku'yewge, «qosa qarın'lar», «u'birli shu'birli bolın'lar», dep tilek bildirgen. Bul jaqsı

tileklerde de shan’araq turmısının’ maqseti ha’m a’hmiyetin muqaddes dep tu’siniwi menen baylanıslı bolg’an teren’ ma’ni bar. Qosa qarın’lar degen so’z uzaq o’mir ko’rin’ler, bul o’mir dawamında bir-birin’izden ayrılman’lar, aqıllı, birgelikte bolın’lar, turmıstın’ awır ha’m jen’il demleri aran’ızdı buzbasın, degen ma’nini bildiredi. «U’birli shu’birli bolın’lar» degen niyet bolsa ko’p perzentli, aqlıqlı-shawlıqlı bolın’lar, olardı jaqsılap ta’rbiyalap, ra’ha’tin ko’rin’ler, degen maqsetti bildiredi. Demek, barlıq da’wirlerde de shanaraqtın’ tınıshlıg’ı baxıtlı bolıwı pu’tkil ja’miyetshiliktin’ baslı wazıypası bolg’an.

Jas kelin ku’yew bir dastıqa bas qoyıwı tu’rli talaplar menen baylanıslı bolg’an a’lbette. Bul talaplar turmıs a’wladlar dawamlıg’ın ta’miyinlew za’ru’rliginen kelip shıqqan ila’hiy ku’shtin’ ko’rinisi bolıp esaplanadı. Bunday talap tu’rli ko’rinislerde bolsada barlıq tiri janlı zatlarg’a tiyisli. Biraq bul haqqındag’ı insanıylıq mu’na’sebetler tiykarında a’piwayı ta’biyiy instinkt emes, ba’lkim ruwxıy juwapkershilik jatadı.

Ata-ana o’z perzentlerin du’nyag’a keltirip ayaqqa turg’ızıp ta’rbiyalap, o’sirip olar menen bir o’mir baylanısıp qaladı. Pu’tkil sanalı omiri dawamında perzentlerine mehir, miyrim-sha’pa’a’t ko’rsetedi. Olardı o’siredi. Aqlıq shawlıqların da ta’rbiyalaydı. Qartayg’an g’arrı-kempirler, aqlıqlarının’ ta’g’dirine, ta’rbiyasına o’z perzentlerinen de ko’birek juwapkershilik penen qaraydı. Olar ushın aqlıq ha’ttekei perzentlerinende jaqın bolıp ko’rinedi. Shanaraq turmısının’ a’sirler dawamında bayıp, a’wladtan a’wladqa o’tip baratug’ın ruwxıy tikarları qatarına usılarda kiredi.

Shanaraqtı rawajlandırıw, bekkemlew ma’selesi barlıq dinlerde de u’lken orın iyeleydi. İslam dininde ata-analardın’ ma’jbu’riyatı perzent ta’rbiyalawdag’ı juwapkershiligi to’mendegi sha’rtleri ko’rsetilgen:

Bular - tuwılg’anda balag’a aqıllıq penen at qoyıw, ul balalardı xatna qılıw, tili shıqan waqtınan baslap ta’rtip intizamg’a u’yretiw, Alla taalanı tanıstırıw, Quran su’releri, namaz ha’mde pa’kizelikti hadal-haramdı, gu’na’ ha’m sawaptın’ parqın u’yretiw, ka’sip o’ner u’yretiw, du’nyalıq bilimlerdin’ birewin iyelewge

ja'rdem beriw bolıp esaplanadı. Bul sha'rtlerde shan'araqlarda perzent ta'rbiyasının' tiykarg'ı o'lshemleri ko'rsetilgen.

Shan'araqtın' biyg'a'rezligine tiykar bolg'an huqıqıy a'deplilik o'lshemler barlıq da'wirlerde de bir qıylı bolg'an emes. Ja'miyetlik turmıstag'ı ekonomikalıq siyasiy mu'na'sebetler diniy isenimler milliy da'stu'rler, konkret tariyxıy sharayatlar, shan'araqlıq mu'na'sebetlerdin' ko'rinisi ha'm mazmunına da belgili o'zgerisler kiritedi. Sol sebepli ha'r qıylı xalıqlarda shan'araqlıq mu'na'sebetlerdin' a'deplilik huqıqıy normaların usı bir qa'lip penen o'lshep bolmaydı. Ayırım da'wirlerde shan'araq tınıshlıg'ı to'men, ayırım da'wirlerde bekkem bolg'an. Ha'zirgi waqıtta ayırım ma'mleketlerde shan'araq qurıw oyınshıqtay bolıp qalg'an. Jaslar o'mirge jen'il jelpi qarap ayırım ata-analar menen de ma'sla'ha'tlespey turmıs quradı da aradan ko'p waqıt o'tpey ja'ne ajırasadı. Bunın' sebebi de shan'araqlıq mu'na'sibetlerge tiykar bolg'an ruwxıy faktorlardın' to'menligi bolıp esaplanadı. Na'tiyjede ko'plep go'dekler jetim bolıp qalıp, ata-ana miyrimin ko'rmey o'spekte. Ata-anasız qalıp jetimler u'yinde ta'rbiyalanıp atırg'an balalardın' sanının' ko'beyiwi ja'miyet turmıstag'ı ruwxıy qulawshılıq ja'ne de ku'sheyiwine alıp keledi. Shan'araqtag'ı ruwxıy ortalıqtın' da'rejesi demografik protsesslerge de ta'sir etpekte.

### I. 3. Shan'araq mu'na'sibeti ma'deniyatının' diniy ha'm milliy ta'repleri.

Jaqın o'tmishimizde g'ana, yag'nıy sovet du'zimi da'ỹirinde shan'araq ha'm shan'araqlıq mu'na'sibetler haqqındag'ı jaqsı milliy ha'm diniy da'stu'rlerimiz eskinin' qaldıqları sıpatında bahalandı. Bul bolsa shan'araq mu'na'sibetlerinin' ma'naỹiy tamırları bir qansha ha'lsizlenip qalıỹına alıp keldi. Bunday qalbekilestiriliỹler a'sirese islam dininin' shan'araq huqıqı, hayaldın' shan'araqtag'ı abıroyı, bala ta'rbiyasına tiyisli da'stu'rleri ha'm qa'driyatların analiz etiỹde ayqın ko'zge taslanadı. İslam dininin' shan'araq mu'na'sibetleri, perzent ta'rbiyası haqqındag'ı qa'driyatları reaktsion dep ja'riyalanıỹı tariyx haqıyqatın qa'lbekilestiriỹge qaratılg'an ideologiyalıq burmalaỹdın' ayqın bir ko'rinisi edi.

Hayal adamnın' abıroy-itibarı, shan'araq mu'na'sibetlerinin' ja'miyet turmısında, rayajlanıyında tutqan ornı ma'selesindegi islamiy nızam-qag'ıydalar o'z da'yiri ushın revolyutsion a'hmiyetke iye bolg'anın, ha'zir de u'lken sotsiallıq, ta'rbiyalıq a'hmiyetke iye bolıp atırg'anlıg'ın inkar etip bolmaydı.

İslam dini o'z da'yirinde shan'araq mu'na'sibetlerinin' a'dalat ha'm insanpa'ryarlıq penen baylanısqan o'lshemlerdi jarattı, hayallardın' haqı-huqıqın sheklenbegen da'rejede kemsitiy, jas qızlardı go'dekliginde aq tiriley ko'mip jiberiy sıyaqlı u'rp-a'detlerge shek qoydı. Arab qa'yimleri ortasında ken' tarqalg'an bunday a'detlerge a'mel qılıy gu'na' sıpatında bahalandı.

Ha'r bir erkek imkaniyatı ha'm sharayatına qarap to'rt hayal alıyı mu'mkinligi haqqında islam dininde aytılg'an pikirlerdi de konkret tariyxıy sharayatlar menen bahalay kerek. Bul haqqındag'ı islamiy da'stu'rler er adam o'zi qa'legeninshe hayal alıyı, o'z qa'leyi menen olardı quyıp jiberiyi mu'mkinligi menen baylanıslı bolg'an eski u'rp-a'detlerge bola alg'a qoyılg'an unamlı qa'dem edi. Usı da'yirlerde qanlı urıslar bolıp, ko'plep erkekler qurban bolg'anlıg'ın esapqa alsaq, sha'riyat qag'ıydaları ha'm ha'dislerde ortag'a qoyılg'an bul pikirler insanpa'ryarlıq maqsetleri, millet, ja'miyet rayajı, keleshegin teren'nen oylay menen baylanıslı ekenligin sezbey mu'mkin emes. Erleri urıslarda qaza tapqan jas hayallar belgili bir a'deplilik, huqıqıy o'lshemler shegarasınan shıg'a almay, bir o'mir perzentsiz o'tip ketiyi de shaxsıy apat emes, ba'lki millet, ma'mleketlik ko'lemindegi sotsiallıq mashqaladur. Sonlıqtan da Muhammed Sallolahu alayhi vassalam islam dini ushın bolg'an urıslarda qaza tapqan saplaslarının' shan'araqları ta'g'dirine biyparıq qaramadı. Ol, ullı insanpa'ryarlıq iseniminen kelip shıg'ıp, urıslarda qaza tapqanlardın' shan'araqlarına g'amxorlıq etiy, jas jesirlerdi nekege alıy, balaların ta'rbiyalaydı saplaslarınan, qa'yimleslerinen talap etti. Ha'dislerde aytılg'anınday, «Jesir hayallarg'a ha'm miskin biysharalarg'a ja'rdem beriyshi insan ta'n'ri jolında jihat etiyshi yaki kesheleri ibadat etiyshi, ku'ndizleri oraza tutıyshılar menen barabardur».

Muhammed Sallolahu alayhi vassalamnın' o'zi de insanpa'ryarlıq qa'driyatlarg'a tayanıp, bir neshe qaraysız qalg'an jesirlerdi o'z nekesine

alg’anlıg’ı ma’lim. Ol 53 jasına shekem, yag’nıy Ha’zireti Xatisha tiri ўaqtında ol o’zi menen o’z-ara hu’rmet ha’m sadaqat negizinde o’mir keshirdi. İslam dini ushın bolg’an gu’resler Xatishanın’ o’liminen son’ ku’sheyip ketti. Ko’plep musılmanlar urıs maydanlarında qaza taptı. Basqa qa’ўimlerge tiyisli bolg’an hayallar da urıslarda tutqıng’a alınıp, qorg’aўsız qaldı. Muhammedtin’ qaramag’ındag’ı Ha’zireti Savda, Ha’zireti Xafsa, Ha’zireti Zaynab, Ha’zireti Umum Salama, Ha’zireti Juvayriya erleri urıslarda qaza taўıp, jesir qalg’an hayallar edi. Son’g’ı hayalları Ha’zireti Maymuna da jası eliўlerden asıp qalg’an kambag’al bir hayal edi. Ha’zireti Safiyia bolsa urısta tutqıng’a alıng’an, yaxudiy dinine sıyınıўshı bir arab hayalı bolg’an. Bul hayaldı Muhammed pul to’lep qullıqqtan azat etken ha’m o’z ıqtıyarı menen Rasuli Akramg’a turmısqa bergen. Ha’zireti Moriya bolsa Mısır hu’kimdarı ta’repinen saўg’a etip jiberilgen eki jariyadan biri edi. Rasuli Akram onı saўg’a sıpatında qabıl etpey, nızamlı tu’rde o’z nekesine aldı. Bunın’ menen ol Mısır ha’m Arabstan ortasındag’ı jaqsı mu’na’sibetlerdi saqlap qalıўg’a eristi. Bul is Vizantiya menen bolg’an urısta Mısır biyta’rep bolıp qalıўına sebep boldı.[8]

Demek, ko’p hayal alıў jo’nindegi islam dini aqidaların bul mashqalag’a tiyisli bolg’an ko’plegen tariyxıy da’stu’rlerden parıqlaў kerek. İslam ko’p hayal alıў ma’selesin turmısqa birinshi ma’rte kiritken emes, ba’lki tariyxıy progresstin’ barlıq da’ўirlerinde bolg’an bul da’stu’rdi nızam menen belgilegen, tariyxıy raўajlanıў za’ru’rlikleri menen baylanıstırıp, a’deplilik o’lshemler menen sheklengen. Tariyxta ko’p hayal alıў qanday da bir a’deplilik, huqıqıy o’lshem menen sheklenbegen halda Shıg’ıs ha’m Batıs xalıqları arasında ken’ jayılg’an edi. Ha’tteki a’yyemgi Afinada da bir erkek qa’legeninshe hayal alıўı mu’mkin bolg’an.

Shan’araq ma’deniyatı ha’m ko’p hayal alıў ma’selesin teren’ ha’m ha’r ta’repleme analiz etken alımlardan biri Abdirauf Fitratdur. Fitrat o’zinin’ «Oila» atlı shıg’armasında shan’araqtın’ mazmunı ha’m a’hmiyeti ma’selelerin analiz etip, İslam dininin’ shan’araq ha’m ko’p hayallıq haqqındag’ı aqidalarının’ sotsiallıq

[8] Qaran’. «Zakoi Kunrapa, Alvido, dune  Assalom oxirat», 98-105 betler.

ha'm ta'biyiy negizlerin ashıp beriỹge ha'reket etken. Onın' pikirinshe Allah erkek ha'm hayaldı jup bolıp jasaỹ, u'yli jaylı bolıp, na'sil qaldaraỹ ushın jaratqan. Erkek ha'm hayal organizminin' fiziologiyalıq du'zilisi ha'm biologiyalıq talaplarıda sog'an maslastırılg'an. Sol jag'ınan haqıyqıy shan'araq bir erkek ha'm bir hayaldın' sotsiallıq- ma'naỹiy juỹapkershiligin an'laỹı tiykarında du'zilgen birligidur.

Fitrat o'z shıg'armalarında ko'p hayallıq ma'lim bir sotsiallıq ha'm ta'biyiy talaplar menen baylanıslı ekenligin ko'rsetedi. Onın' unamsız ha'm unamlı ta'replerin de ken'nen ashıp beredi. «Ko'p hayallıq, yag'nıy eki hayalg'a u'yleniỹ, -dep jazadı ol,- biyopalıq, zulım ha'm insapsızlıqqa alıp keliỹi ma'lim. Bul sha'riyat hu'kimine de, aqıl ha'm hu'jdan hu'kimine de tuỹrı kelmeydi»[9]. Biraq turmıs og'ada quramalı, ol ha'r qashan da birdey, adamlar oylag'anınday bola bermeydi. Bazıda ayaỹsız urıslar ko'plep erkeklerdin' qırılıp ketiỹine, balaları jetim, hayalları jesir qalıỹına sebep boladı.

Fitrattın' pikirinshe, İslam dini ko'p hayallıqtı qadag'an etpeydi, sebebi onın' paydası da bar. Bul din zulım qa'ỹipi bolmasa, ko'p hayallıqqa ruxsa etedi.

Xosh, bul zulım qa'ỹipi ne, qalay etkende onın' aldın alıỹ mu'mkin? Bul qa'ỹip – hayallarg'a qıyanet etiỹ, olardı kemsitiỹ, qa'dir-qımbatın jerge urıỹdur. Yag'nıy hayallarına bola a'dalatsız mu'na'sibette bolıỹdur. Fitrattın' pikirinshe erkek «egerde a'dalatlıq ete almaslıg'ı itimallıg'ı ko'birek bolsa, ekinshi hayalg'a u'yleniỹ pikririnen qaytıỹı kerek»[10].

Eki hayalg'a mu'na'sibettin' o'lshemi a'dalat ha'm insapdur. Bunday mu'na'sibet eri menen hayalları ortasında g'ana emes, ba'lki ku'ndesler ortasında da ornatılıỹı tiyis. A'lbette, - deydi Fitrat, - eki hayalı bar erkek jas hayalın ko'birek su'yedi, og'an ko'birek itibar qaratadı. Bul da a'dalatsızlıqtın' bir ko'rinisi. Bul a'dalatsızlıqqa shek qoyıỹ ushın Fitrat mınaday pikirdi ortag'a qoyadı: «Ko'birek su'yetug'ın hayalın'ızg'a kemrek meyillik bildirin', basqa hayalın'ız qapa bolmaslıg'ı ushın. Su'ymeytug'ın hayalın'ızdı hu'rmet ha'm

[9] Fitrat Abdirauf. «Oila». 17 bet
[10] Fitrat Abdirauf. «Oila». 19 bet

muhabbat shegarasında uslap turın’, negizinde su’ymesen’iz de sonday ma’mile etin’, ol su’yedi dep oylasın»[11].

Fitrattın’ pikirinshe, İslam usınday ha’m basqa da a’dalatlı, insannın’ qa’dir-qımbatın jerge urmaytug’ın sha’rtlerdi orınlap ekinshi hayalg’a u’yleniỹge ruxsat beredi.

A’lbette, biz Fitrattın’ eki hayallıq, ko’p hayallıq haqqındag’ı pikirlerin absolyutlestirmekshi emespiz. Bul pikirler belgili bir tariyxıy da’ỹirler ha’m sha’rayatlarg’a maslasıp aytılg’anlıg’ı ma’lim. Biz jan’a da’ỹir, sha’rayatta bir qansha joqarı sotsiallıq, ma’naỹiy ortalıqta jasamaqtamız. Shan’araq mu’na’sibetleri ma’selesinde eski da’ỹir normalarına pu’tinley maslasa almaymız. Lekin Fitrattın’ shan’araq mu’na’sibetlerinin’ bekkemleniỹine za’min bolatug’ın a’deplilik, huqıqıy o’lshemler haqqındag’ı pikirlerinde ma’lim da’rejede turmıslıq haqıyqatlıqlar barlıg’ın da inkar etip bolmaydı.

Rasuli Akromnın’ hayallarg’a, shan’araqtın’ muqa’ddesligine bolg’an hu’rmeti onın’ Vado Hajda so’ylegen vido hutbalarında ayqın ko’zge taslanadı. Ol insan mınaday so’zlerdi aytadı: «Ey mo’minler, hayallarınʼız jo’ninde Allahtan qorqın’» Hayallar sizge ta’n’irinin’ amanatıdur. Olardı Allahtın’ atına so’z berip aldın’ız, olar İlahtın’ a’miri menen Sizge hadal boldı. Sizin’ hayallarınʼızda haqılarınʼız bar bolg’anı kibi, hayallarınʼızdın’ da Sizlerde haqıları bardur. Sizin’ hayallarınʼızdag’ı haqlarınʼız – hayallar shan’araq abıroyın hesh bir shaxsqa ayaq astı qıldırmaslar. Hayallarınʼızdın’ ha’r qıylı iship-jew, kiyiniw talapların ta’miynlewin’iz, olardın’ sizin’ u’stin’izdegi haqlarıdur. Olar sizin’ haqlarınʼızg’a a’mel etiwi kerek. Siz ha’m olarg’a ayrıqsha mu’na’sibet etiwin’iz kerek. Bir hayal ku’yewinin’ ruxsatısız onın’ malınan bir na’rseni birwge beriw hadal emes».

Ha’dislerde, qayr-sadaqanı o’z shan’arag’ınʼızdan baslan’, degen pikirler de islam dini shan’araqtı qa’nshelli muqa’ddes dep esaplag’ının, shan’araqtag’ı pa’rawanlıq ha’m a’dillik, sadıqlıq ha’m mehir-mu’rbetlilik, aqıllı, miynetkesh

[11] Fitrat Abdirauf. «Oila».19 bet.

perzentlerdi ta’rbiyalaw ja’miyet turmısı ha’m rawajlanıwdın’ za’ru’r faktorlarının’ biri sıpatında qaralg’anın ko’rsetedi.

O’zbekstan g’a’rezsizlikke erisken ha’zirgi ku’nlerde shan’araq mu’na’sibetlerinin’ ma’nawiy tiykarlarında payda bolg’an diniy ha’m milliy u’rp-a’detler, qa’diriyatlardı tiklew ju’da’ u’lken a’hmiyetke iye bolmaqta. Bul o’tmishke qaytıw emes, ba’lkim keleshek ma’selelerine tariyx sabaqlarınan, milliy miyrastı itibarg’a alıp aqıllılıq penen mu’na’sibette bolıwdur.

Bizin’ shan’araqlarımız a’sirler dawamında bekkem, inaq ja’ma’a’, ma’nawiyat ha’m ta’rbiya oshag’ı bolıp kelgen. Shan’araqtag’ı a’tirapta turmıs qurıw barısında u’rp-a’detler salamat ma’nawiyatlı a’wladtı ta’rbiyalawg’a xızmet qılg’an. Shan’araqta balalardı miynet su’yiwshilikke, arasında shan’araq da’stu’rleri boyınsha ka’sip-o’nerge, bir-birin qollap-quwatlawg’a, ata-ananı, qon’sı-qobalardı, qarıyalardı, ja’ma’a’tshilikti hu’rmet qılıwg’a u’yretken. Shan’araqtag’ı salamatlıq ma’nawiy a’tirap jan’a shan’araqlardın’ bekkem bolıwına alıp kelgen. Sol sebepli de barlıq tariyxımız dawamında jas shan’araqlardın’ arzımas sebepler menen ajıralıp ketiwi, balalardın’ jetim qalıw jag’dayları kemnen-kem ushırag’an. Xalqımız shan’araqlarının’ ma’nawiy tiykarların payda etken milliy qa’diriyatlarımız haqqında İslam Karimov bılay degen edi: «Shan’araq bizin’ xalqımız ushın millettin’ ko’p a’sirlik u’rp-a’detlerdi ha’m ma’nawiyatqa ta’n bolg’an a’hmiyetli turmıs qa’diriyatlarının’ biridur. Respublikada tiykarınan shan’araqlar ko’p sanlı bolıp, olarda tu’rli a’wlad wa’killeri birgelikte jasaydı ha’m birge xojalıq ju’ritedi. Bul bolalardı ta’rbiyalaw, olardı ulıwma insaniy ma’nawiy qa’diriyatlar, u’rp-a’detlerden xabardar qılıw, bilim da’rejesin asırıw ushın qolaylı jag’daylar jaratadı. Tap sonday u’rp-a’detlerden adamlar balalıq waqıtlarında miynet su’yiwshilikke, jas u’lkenlerge hu’rmet, bilim alıwg’a umtılıwdı u’yrenedi». Eger ha’zrgi waqıtlarg’a ashıq qarasaq o’tmishtin’ bul da’stu’rleri ha’zir de u’lken a’hmiyetke iye ekenligin ko’remiz.

Shan’araqlarımızdın’ ma’nawiy za’minleri bekkem bolıwg’a sebep bolg’an ko’plep milliy da’stu’rler bar. Bulardın’ birewlerine ayrıqsha toqtap o’temiz.

Xalıq naqıllarında aytılg'anday, «ata kewlin awırtqan el ishinde xor boladı, ana kewlin awırtqan bir tislem nang'a zar boladı». Bul naqıl mın' jıllıq turmıs sabaqlarınan ulıwmalastırılıp tiykarlang'an pikir, filosofiyalıq hikmet**,** jaslarg'a na'siyatdur.

Ata-ananın' izzet-hu'rmetin ornına qoymag'an perzent o'z balalarına da jaman u'lgi boladı. «Qus uyasında ko'rgenin qıladı», degendey olar da jası o'skennen son' ata-anaların hu'rmet qılmawg'a u'yrenip qaladı. Sonın' ushın da xalıq, «o'z ata-anan'a qılg'anın'dı perzentlerin'nen ko'resen'», dep biykarg'a aytpag'an.

Milliy qa'diriyatlarımızdın' ja'ne bir ko'rinisi – perzentler ata-anag'a mehriyban bolıw, olardın' barlıq mu'ta'jlerin pitiriwdur. Ha'dislerde, «alpıstan asqan atadan as-nan soraman'lar», degen hikmet bar. Qartayg'an ata-ananın' jelkesine minip alıp, jatıp iship-jewge u'yreniw u'lken gu'na' esaplanadı. Turmısta sonday waqıyalar bolıp turadı, ata-ana bir o'mir perzentin bag'ıp, kiyindirip, ta'rbiyalay aladı, waqtı kelse on jaman perzent bir ata-anasın bag'a almaydı.

Perzentlik wazıypa balalıqtan bilim alıp, o'ner u'yrenip, miynet etip o'zin, shan'arag'ın, balaların qartayg'an ata-anasın ta'miynlew. Ata-ana du'nyada ma'n'gi jasamaydı. Ata-anadan qalg'an miyras qansha ko'p bolsa, bir o'mir islemey jatıp iship-jew menen turmıs keshiriwge jetpeydi. Turmısta en' ko'p qa'dirlenedigen na'rse hadal miynet qılıp tapqan baylıqdur. Qartayg'an ata-anadan as-nan soramaslıq haqqındag'ı pikir jaslar miynet qılıp erkin turmıs keshiriwi kerek, degen ma'nini bildiredi. O'zine toq, tınısh jasag'an ata-anag'a perzentleri miynet etip, bir bo'lek nan alıp kelse de quwanıshlı bolıp, onı teberik etip man'layına su'rtedi. Bul orında ata-ana perzenti nan alıp kelgennen emes, bala shag'asın ta'miynlep erkin turmıs keshiriwge tayar ekenligine quwanıshlı boladı. Ata-ananın' tilegi de usıdur.

Ata-ananı hu'rmetlew, abıroyın joqarı tutıw da milliy ma'nawiy qa'diriyatlarımızdın' biridir. Xalqımızda perzent ata-ana otırg'an u'ydin' to'besine shıg'ıwı, a'depsizlik dep esaplang'an. Bul pikir a'lbette ramziy ma'ninde aytılg'an. Bul – perzent o'zin ata-anadan joqarı qoymaw kerek, degen ma'nisti bildiredi.

Tatıw shan’araqta sheshiwshi ga’pti ata aytadı. Bul ga’pten aldın ol, a’lbette shan’araq ag’zalarının’ pikirlerin itibarg’a aladı. Sol sebepli ha’m milliy u’rp-a’detlerimizde atadan aldın so’ylew yamasa ornına so’ylew, onın’ ga’pin bo’liw a’depsizliktin’ belgisi sıpatında qaralg’an.

Ata-ana qılg’an na’siyatlardın’ tek bir maqseti bar. Bul – perzentler haqqında g’amxorlıq olardın’ keleshegin oylawdır. «Ata-ana, - deydi Mustafa Xomiypashsha, - balalarına qarag’anda jaqsı-jaman joldı bilgen boladı. Sonın’ ushın ata-ana balalarına tuwrı joldı ko’rsetip, na’siyat qılıwı ha’m ma’sla’ha’t beriwi kerek. Balalar ko’pti ko’rgen ata-ananın’ na’siyatlarına qulaq salıwı kerek». Ata-ananın’ so’zine isenbegen, o’zin olardan aqıllı dep oylag’an bala, turmısta ko’plegen qıyınshılıqlarg’a duwshar boladı. Alımlardın’ aytqanınday, «eger bala ata-anasının’ ga’pine qulaq salsa, olardın’ aytqan jolınan shıqpasa, bergen na’siyatların qabıl qılsa, olarg’a tek qulaq salıp qoymay, barlıq ku’shi menen a’mel qılıwg’a urınsa ha’m barlıq waqıt yadta tutsa, bunday bala a’lbette u’lkeygeninde baxıtlı insan boladı».

Ata-ananı hu’rmet qılıw barlıq perzentler olardın’ ga’pine so’zsiz qulaq salıwı, erkine tolıq boysınıwı kerek degen ma’nisti bildirmeydi. Shan’araqta perzentlerdin’ pikir alısıwı da u’lken a’hmiyetke iye. Biraq perzent ata-anag’a o’z so’zi yamasa qarsılıg’ın ha’mmenin’ aldında ashıq aytıwı sha’rt emes. Bunday is ha’m a’depsizlik belgisi esaplanadı. Xalqımızdın’, «atadan aldın so’ylegen baladan u’mit u’z» degen naqılında ha’m jaslar ata-anag’a, jası u’lkenlerge o’z pikirlerin jatıg’ı menen a’dep qag’ıydalarg’a tayanıp bildiriwi lazım, degen ma’nisti an’latadı.

Milliy u’rp-a’detlerimizge ko’re atanın’ aytqan so’zin jerde qaldırmaslıq ha’m hu’rmet, a’depliliktin’ belgisidur. Sonday mu’na’sibet perzentlerdin’ ma’pine de qarsı kelmeydi. Sebebi a’dil, mehriyban ata hesh qashan olardın’ ma’plerine qarsı so’zlerdi aytpaydı, islerdi qılmaydı ha’m qıldırmaydı. Atanın’ ga’pine qulaq tutıw da u’lken mektepdur. Bul mektepte perzentleri g’ana emes, al olardın’ balaları da ta’lim aladı.

Xalqımızda «jaqsı bala – jan dos, jaman bala – mal dos», degen hikmetli so'z bar. Bul so'z ha'm milliy ma'nawiyatımızdın' ma'nisinen kelip shıqqan.

Ata-ana u'lken u'mitler menen bala ta'rbiyalaydı. Olardı bag'ıp, kiyindirip, ta'rbiya berip, imka'ni bolsa perzentlerimizge qalsın dep, biraz mal-du'nya ha'm arttıradı. Milliy u'rp-a'detlerimizge ko're ata-ana u'yinde a'piwayı iynesi bolsa da perzentine beredi. Olar bul du'nyadan hesh na'rse alıp ketiw mu'mkin emesligin jaqsı biledi. Biraq perzentler barlıq u'mitin ata-anadan qalatug'ın miyrasqa qaratıp, olarg'a bolg'an mu'na'sibetin ha'm sog'an qarap belgilewi ma'nawiyatlılıq belgisi emes. Ayırım perzentler ata-anag'a ju'da' mehriyban bolıp, o'zlerine tiyisli miyrastı alg'annan keyin birden o'zgerip ketedi. Bunday qılıw menmenlik, iymansızlıq, insapsızlıq bolıp esaplanadı.

Bir waqıyanı eske alg'ımız keledi. Bundan jigirma jıllar aldın, yag'nıy jetpisinshi jıllardın' aqırında hayalı qaytıs bolg'an, ko'p jıllar jalg'ız jasag'an ataxan kesel bolıp qaladı. Tap usı waqıtta onın' eski zamnnan qalg'an altınları barlıg'ı tuwrısında ga'p tarqaldı. Mehriybanları sonshelli ko'beyip ketti, ha'tteki ol keselxanada jatqanında aldında na'wbetshilik qılıw da talas bolıp qaldı. Biraq o'lmesten aldın hesh qanday mal-du'nya joqlıg'ın, bar na'rsesin sovet ha'kimiyatı tartıp alg'anın aytqanında og'an bolg'an mu'na'sibeti o'zgerip ketti. Qaytıs bolg'annan son' ko'pshilik «mehriybanları» jerlew meresimine kelmedi. Bul da naqabıl perzentler, mehir-aqıbetsiz ag'ayin-tuwısqanlarda ushırap turatug'ın milliy ma'nawiyatımızg'a jat bolg'an, ma'nawiy pa'skeshliktin' ko'rinisi.

Du'nyadag'ı en' u'lken baylıq - ha'r kimnin' o'z miyneti menen tapqanı. Man'lay teri menen tapqanı ko'birek qa'dirli boladı. Bunday baylıq perzent baxtın oylaytug'ın ata-analar ushın ju'z ese qımbat. Bizde «ekkenin'di orasan'», degen ga'p bar. Ta'rbiya protsessinde perzentler kewline qanday da'n eksek, ashshı yamasa dushshı miywesin o'zimiz tatamız.

A'lbette perzent ta'rbiyası menen baylanıslı bolg'an barlıq milliy, diniy u'rp-a'det ha'm qa'diriyatlarımızdı tolıq sanap o'tiw qıyın. Onın' jan'adan-jan'a qırraların turmıstın' o'zi keltirip shıg'aradı.

Shan'araq mu'na'sibetler barısında diniy ha'm milliy qa'diriyatlar bir-biri menen sonshelli baylanısıp, uyg'ınlasıp ketken, olardı ajıratıp bolmaydı. Biraq diniy qa'diriyatlarg'a qarag'anda milliy qa'diryatlardın' ja'miyetlik pikiri ha'm ta'siri barısında tamırları teren'lesip ketken. Bul milliy miyras, u'rp-a'det ha'm da'stu'rler mın'lag'an jıllar dawamında rawajlang'an. İslam dini olardın' en' jaqsıların sotsiallıq ha'm ma'nawiy ka'malatqa tiykar bola alatug'ınların alıp, sawaplı is sıpatında qarag'akn, olarg'a sıyınıwdı insan qa'lbinen orın alg'an ma'nawiy minnet ha'm wazıypa da'rejesine ko'tergen.

Jaslar ma'nawiyatının' birinshi fundamentin qoyatug'ın usta ata-ana, shan'araqtag'ı sha'rayyat ha'm ta'rbiya. Jaslardın' ta'rbiyasına ag'ayin-tuwısqanlar, ma'ha'lle, qon'sı-qobalar da u'lken ta'sir ko'rsetedi.

## I. 4. Shan'araqtın' ma'nawiy ortalıg'ın jetilistiriwde ananın' roli.

Shan'araqtag'ı ma'nawiyattın' deregi hayaldur, anadur. Sonlıqtan barlıq da'wirlerde hayallardın' kelbeti ja'miyettin' ma'nawiy jag'dayı ha'm da'rejesinen derek beriwshi bir nıshana bolıp kelgen. Danalar aytqanınday, erler millettin' buwını bolsa, hayallar onın' keleshegidur. Bu'gingi ku'n – bu'gingi barlıg'ımızdur, naq qolg'a kirgizgen jetiskenligimiz yaki utısımız. Ertengi ku'n, keleshek bolsa, a'dep-ikramlılıq penen qolg'a kirtiw mu'mkin bolg'an u'mit ha'm arzıwdur.

Hayallar insan ma'nawiyatının' altın g'a'ziynesi. İnsan o'miri a'lemnin' en' ullı ziyneti bolsa, bul ziynetti hayal bag'ıshlaydı. Sonlıqtan o'mir sıyaqlı onı jaratıwshı hayal da muqaddesdur. Shıg'ıs ra'wiyatlarında aytılg'anınday, hayal adamdı ha'tteki gu'l menen urıwg'a bolmaydı. Hayaldın' ziyneti – ma'nawiyatdur. Sol sebepli ha'm quranı Ka'rimde «hayallar menen jaqsı mu'na'sibette jasan'» degen hikmetli pikirler aytılg'an.

A'yyemgi ata-babalarımız hayalların kemsitiwdi a'depsizlik dep esaplag'an. Bul ma'niste a'dalatsızlıqqa jol qoyıw bolsa, huqıqıy jınayattan ha'm qattıraq qaralang'an. Ha'r qanday jınayıy is qılıwg'a qa'dir bolg'an shaxs ta o'z anasın, hayalın kemsitip so'giwge batına almag'an. Bul boyınsha ten'lik mu'liklik mu'na'sibetlerde ha'm bolg'an. Zie Gukalının' jazıwınsha, a'piwayı

shan'araqlarda ha'm mu'lk ku'yewi ha'm hayalının' ekewine ba'rabar tiyisli bolg'an. Basqalarg'a qarag'anda qayırqomlıq atalarda qansha bolsa, analarda da sonday bolg'anı belgili. Er adamlar barlıq waqıt o'z hayallarına u'lken hu'rmet penen qarag'anlar. Bul bolsa a'deplilik jetiskenliktin' tiykarg'ı beligilerinen biri sıpatında qaralg'an. Bul mısallar feminizm (yag'nıy hayallardı hu'rmet etiw) qa'dimde ata-babalarımızdın' a'piwayı a'deti emes, ba'lkim qan-qanına sin'ip ketken iyman-isenimine aylang'anın ko'rsetedi. Zie Gukalının' ko'rsetiwinshe «a'yyemde xalıqlar arasında hesh bir qa'wim tu'rklershelik hayal zatına sonshalıq haq-huqıq bermegen ha'm hu'rmet ko'rsetpegen».[1]

Hayal adam perzentin du'nyag'a keltiriwi ha'm onı ta'rbilawı ushın jaraladı. Sol sebepli de perzent ko'riwge umtılı hayallardın' qan-qanına sin'ip ketken. Belgili jasqa jetkeninde analıq tuyg'ısı ha'r bir hayalda ta'biyiy ra'wishte oyanadı. Biraq insan zatına tiyisli bolg'an hayaldın' wazıypası ta'biyiy kerekli imka'niyatlarg'a tayanıp jan'a a'wladtı du'nyag'a keltiriw emes. Ana perzent ko'rmesten aldınraq ko'p arzıw-u'mitler menen jasaydı, perzentlerinin' tuwılıwın emes, ba'lkim baxıtlı insan bolıp jetilisiwin, hadal, miynetkesh, iymanlı bolıwın, olardan aqlıq-shawlıq ko'rip, ta'rbiyalawdı, qartayg'an waqtında balaları, aqlıq-shawlıqları aldında qorg'awında bolıwın niyet etedi. Sol sebepli de balalı bolg'an ana olardı bag'adı, qorg'aydı, bilim, ta'rbiya beredi, turmıs da'rejesin rawajlandıradı. Bunday ma'nawiy ta'sir perzentleri g'a'rezsiz ayaqqa turıwı menen tamamlanbaydı, ba'lkim bir o'mir dawam etedi. Ana na'zerine 60-70 jasqa shıg'ıp, qartayıp qalg'an perzent te jas baladay ko'rinedi. Ana olarg'a na'siyat qılıw, jaqsı isleri ushın maqtaw, jaman isleri ushın keyiwdi o'zi tiri bolg'an barlıq da'wirlerde dawam etedi. Ha'tteki du'nyadan ko'z jumıp baratırg'an ana son'g'ı waqıtlarında da perzentlerine na'siyat beriwge, miyras etip qaldırıwg'a ha'reket etedi.

Analıq mehri, ma'nawiyatlı tuwılg'an jas na'reste o'siwinde, insan sıpatında rawajlanıwında sheshiwshi a'hmiyetke iye. Analar qa'lbinde o'z perzentlerinin' saw-salamatlıg'ı, a'depliligi, jaqsı, tınısh turmıs keshiriwden ullı u'mit bolmaydı.

[1] Zie Gulkali. «Turkchilik asoslari», 110-bet.

Jaqsı hayal perzentlerinin' emes, ba'lkim ku'yewinin' de baxıtıdur. Xalqımız, «erin er qılatug'ın da, jer qılatug'ın da hayal», dep biykarg'a aytpaydılar. Haqıyqattan da jaqsı hayal perzentlerin emes, ba'lkim o'zinin' hadallıg'ı, mehri, a'depliligi, shan'araqlılıg'ı menen erin de ta'rbiyalaydı. Erkek adam shan'araq baslıg'ı bolsa da ol ko'birek jumısta, sırtta boladı. Shan'araqtag'ı salamat ma'nawiy sharayattı hayallar jaratadı. Sol sebepli de xalıq ishinde «jaqsı qatın – baxıt altın», degen hikmetli so'z bar.

Ana mehri, go'zzallıg'ı ha'm ruwxıy ku'shi jag'ınan ten'siz ha'm ta'kirarsızdur. Danıshpanlar aytqanınday, saqıylıq babında ha'tteki quyash ta ana mehriybanlıg'ı aldında ha'lsizdur. Tan', ba'ha'r go'zzallıg'ın da ana mehri go'zzallıg'ı menen salıstırıp bolmaydı. Sol sebepli de du'nyada anadan basqa sadaqatlı, mehriyban dos tawılmaydı. Ha'mmemiz de analarımızdan qarızdar bolamız. Biraq bul qarızdı bir o'mir tolıq u'ze almaymız.

Analıq mehri perzent ko'rinisinde emes, ba'lkim ja'miyet rawajlanıwında da o'z ko'rinisin tapqan. Xalqımızdın', «Ana bir qolı menen besikti, ekinshi qolı menen du'nyanı terbetedi», degen hikmetli so'z de tap usı ma'nini an'latadı.

Ana mehri sheksiz, biyg'a'rez ha'm ten'sizdur. Ja'miyet turmısındag'ı, perzent ta'rbiyasındag'ı barlıq qıyınshılıqlar dam bul sheksiz mehirdi so'ndire almaydı. Awır jag'daylarda ana o'zin umıtsa umıtadı, biraq perzentlerin hasla umıtpaydı. Xalıqtın', «du'nya tar bolg'anında ana mehri ken' boladı», degen naqılda ha'm turmıs filosofiyasın, hayallardın' ishki du'nyasın teren' biliw menen baylanıslı bolg'an ullı hikimetti ko'remiz. Analıq mehri bir shaxsqa tiyisli bolg'an pazıylet emes, ba'lkim bul teberik zattın' barlıg'ına tiyisli ma'nawiyatdur. Hayal qa'lbine Alla jaylastırg'an ma'nawiyat sonshelli na'zik, go'zzal, ha'r tarepleme, onı tolıq ta'riyplep beriwge insan a'zzilik qıladı. Ana mehrine bag'ıshlap ko'p kitaplar jazılg'an. Biraq olarda bul mehirdin' sırları tolıq ashıp berilgen emes.

Analar ko'binshe o'zlerinin' bul ullı pazıyletlerin ko'z aldına keltire almaydı. Shan'araq ten'ligin, tatıwlıg'ın, perzentler ta'rbiyasın ja'miyet ju'klegen wazıypa emes, ba'lkim o'zinin' ta'biyiy, insaniy wazıypası dep qaraydı. Analar ushın ba'wırında, a'lla'ların tın'lap, ta'rbiyalang'an barlıq perzentleri a'ziyzdur. Ha'r bir

ana o’z perzentlerine, «on bolsa da ornı basqa, qırıq bolsa - qılıg’ı», degen o’lshem tiykarında mu’na’sibette boladı. Rasuli Akram da musılmanlarg’a «barlıq perzentlerin’izdi ten’ ko’rin’ler» dep, inayat qılg’an.

Budan qırıq jıllar burın, yag’nıy 50-jıllardın’ aqırlarında bir jazıwshı arab ma’mleketlerine barg’anında on balası bolg’an ma’ha’lle hayaldan, balalarn’ızdın’ qaysı birin ko’birek jaqsı ko’resiz, dep sorag’anda ol bılay dep juwap bergen eken: «Qaysı biri kishkene bolsa, u’lken bolg’ang’a shekem, qaysı biri kesel bolsa sawalıp ketkenine shekem, qaysısı qasımda bolmasa, qaytıp kelgenine shekem basqalardan ko’re ko’birek jaqsı ko’remen». Bul pikirlerde ju’da’ teren’ filosofiyalıq haqıyqat bar. Onı bazı birewler tu’sinbewi mu’mkin. Perzentlerdin’ biri shıraylı, biri ko’riksiz, biri ınjıq, biri mu’la’yim, mo’min-qabıl bolıwı mu’mkin. Biraq analar ushın olardın’ ba’ri de bir. Bunday ma’nawiy baylıqtı tek analar g’ana tu’sinedi. Ana qa’lbin tek ana biledi. Biz analardag’ı mehirdi, aqıbetti iybe ha’m hadallıqtı ko’remiz, onın’ tu’p ma’nisin tolıq tu’sinip kete almaymız. Bul mazmun ha’m ta’biyiy, ha’m sotsiallıq ma’nawiy faktorlardın’ birliginen ibaratdur.

Analarg’a perzentlerdin’ ko’zi menen de qaraw kerek. Analar tu’rli xalıqlarg’a, tu’rli qa’wimlerge tiyisli bolıwı mu’mkin. Biraq ana ha’mme jerde ana. Analıq mehri milliy, qa’wimlik pa’ziylet emes, al ulıwmainsaniy ma’nawiyatdur.

Analardın’ a’deplilik pa’ziyletlerinde, shan’araqlardag’ı huqıq ha’m minnetlemesi, hu’rmeti jo’ninde ko’plegen milliy o’zine ta’nlikler de bar, olardı itibardan ha’sla shette qaldırıp bolmaydı. Bul o’zine ta’nlik, a’sirese Shıg’ıs hayallarında ayqın ko’zge taslanadı. Bul ha’yallardın’ shan’araqta tutqan ornı, minnetlemesi ha’m juwapkershiligi, iybesi, ar-namısı u’y-ruwzıgershilik jumıslarına, erine, qon’sı-qobaları ha’m ag’ayın-tuwg’anlarına, perzentlerine mu’na’sibetlerinde ko’zge taslanadı. Shıg’ıs hayalları barlıq jerde kishipeyilligi, erine hu’rmeti, isenimi ha’m sadıqlıg’ı, iybesi ha’m ar-namıslılıg’ı menen ajıralıp turadı. Bul jo’nindegi milliy da’stu’rler, qa’driyatlar Shıg’ıs hayallarının’ ma’nawiy du’nyasına teren’ sin’ip ketken. Sonlıqtan da ha’yallardın’ Shıg’ıslıq ma’nawiyatı haqqında so’ylewge tolıq haqılımız.

Sovet sisteması da’wirinde bizin’ hayallarımızdın’ ma’nawiy du’nyasında belgili sheginiwler, unamsız halatlar ju’z bergen bolsa da bul olardın’ analıq, hayallıq wazıypasın pu’tniley o’zgertirip jibermedi. Olardın’ kiyiniwi, u’y-ruwzıgershilik tutıwı, ju’ris-turısı, o’mirlik joldasına, ag’ayin-tuwısqanlarına mu’na’sibetinde ayırım o’zgerisler boladı. Biraq milliy ruwxıyatı, ar-namıslılıq, hadallıq, sadaqatlıq sıyaqlı pa’zıyletlerinin’ teren’ tamırları olardın’ ma’nawiy jarlılıq taman ju’z burıwına imkan bermedi. Xalqımızda «hayal iybeni, hu’rmetti saqlar», degen naqıl bar. Bizde hayallar ana bolg’anı ushın da hadal, iybeli, ar-namıslı, sadaqatlı, mehriyban, sabırlı, a’ndiysheli, o’mir joldası bolg’anı ushın da hu’rmet qılınadı. Xalqımızdın’, «hayaldın’ jaqsı jamanı miyman kelgeninde bilinedi», «jaqsı hayal isli, jaman hayal tilli», degen hikmetli so’zlerden de olardın’ adamgershiligi, miynet su’ygishligi, mehir-aqıbetliligi, a’ndiysheliligi, balajanlıg’ı, erine sadaqtlıg’ı, ag’ayin-tuwısqanlarına hu’rmeti, sabırlılıg’ı barlıq da’wirlerde de joqarı ma’nawiyat, pazıylet sıpatında qa’dirlengenligin ko’rsetedi.

Shariat qag’ıydalarında da hayal o’z o’mir joldasının’ tuwısqanların jaqın tutıwı, o’mir joldasına jaqsı ko’riniw ushın ziynetli kiyimler kiyiwi, u’yinen sebepsiz ketip qalmawı, hadal erleri turıp basqa erkeklerge ko’n’il bermesligi, erkeklerdin’ kiyimlerin, juqa bir qabatlı ko’ylekler kiyip ju’rmesligi sawaplı isler qatarına kiritilgen.

Jaqsı, pa’kize hayal o’z minez qulqı, a’debi menen o’mir joldasına da ma’nawiy ta’sir ko’rsetedi. Qazang’a jaqın ju’rsen’ qarası jug’adı degendey, jaman hayal menen turmıs qurg’an er adamnın’ minez qulqında da a’ste-aqırın jaman sezimler payda bola baslaydı. Alimat al-Banottın’ to’mendegi so’z qatarların keltiriw mu’mkin: «…Shıraylı minez qulqına iye bolg’an hayallardın’ o’mir joldası da sonday minez qulqına iye boladılar. Kerisinshe, jaman minez qulqlı hayallardın’ o’mir joldası jaman minez qulıqqa iye boladı, olarda jawızlıq sezimleri payda bolıp, basqalar menen de qopal mu’na’sibet qılar eken».[1]

Bul pikirlerde ar-namıslı, hadal, mehriyban, aqıllı hayal o’mir joldası ushın ha’mda’rt, ha’mka’r, shan’araq go’zzallıg’ı ha’m tınıshlıg’ının’ sebebi, turmıstın’

[1] Odob bwstoni va axloq gulistoni. T., «Fan», 1994., 177-bet

barlıq mashaqatlı jollarınan qoldı-qolg'a berip, sadaqat, sabırlılıq penen o'te alatug'ın bir o'mirlik dos bola alıwı mu'mkinligi ko'rsetilgen.

Xalqımızda aqıllı hayal shan'araqtın' baylıg'ı, o'mir joldası da perzentlerinin' baxtı dep qaraladı. Aqıllı hayaldı, u'nemshil u'y biykesin ata-anası emes, ba'lkim u'mit penen bir jastıqqa bas qoyg'an o'mir joldası da ta'rbilaydı. Ga'p jaman hayaldı alıp ta'rbiyalawda emes, ba'lkim sadaqatlı o'mir joldası bola alatug'ın, aqıllı, azada, pa'kize o'mir joldasın tawa alıwdadur. Bolajaq kelindi ko'shede tanısıp-aq u'yge alıp keliw bizlerdin' milliy ma'nawiyatımızg'a tuwrı kelmeydi. Bul ma'selede ha'r kimnin' o'z pikiri bolıwı mu'mkin. Bizlerdin' pikirimizshe, bul – shan'araq qurıwg'a biyparq qarawdur. Sol sebepli xalqımız barlıq zamanlarda ha'm kelin tan'lawdı o'te juwapkershilikli is dep qaran'.

Du'nyada qızlar ko'p. Biraq olardın' bazı birewleri sadıq yar, gey waqıtları o'zinin' shırayına itibar berip, ata-anası, shan'arag'ı, perzentleri aldındag'ı wazıypası ha'm juwapkershiligin umıtıp qoyadılar. «Shashı uzınnın' aqılı kelte boladı», degen naqıl bar xalqımızda. A'lbette, shashı uzın hayal anadan aqılı kelte bolıp tuwılmaydı. Biraq basqalardın' itibarı, maqtawları onı o'zine ashıq qılıp qoyadı, o'z shırayın tiykarg'ı baylıg'ı dep esaplay baslaydı. Bul bolsa analıq wazıypasın, xayallıq qa'dir-qımbatın umıtıwg'a, bir waqıtları ma'nawiy jarlılanıwg'a alıp keliwi mu'mkin. Hayal adamg'a shıray da kerek. Biraq aqıl, minez qulqı, a'debi, a'ndiysheli, iybeli, ar-namıslı hayal ruwxıyatında u'stin bolıw kerek. Sonday pazıyletlerge iye hayallar g'ana hadal, o'rnekli shan'araq qurıwg'a, jaqsı perzentlerdi ta'rbiyalawg'a qa'dir boladılar.

Bizin' shan'araqlarımızda hayal o'zinin' erkin o'mir joldasına zorlıq penen o'tkeriwge ha'reket etpeydi. A'lbette, bul na'tiyje hayal o'z pikirine iye bolmaslıg'ı, o'mir joldasının' barlıq buyrıqların so'zsiz orınlawı, ınjıqların ha'm a'dalatsızlıq islerin, is-ha'reketlerine ko'niwi kerek, degen ma'nini bildirmeydi. Hayal ha'm ana, ha'm ullı insandur. Onın' o'zine jarasıqlı abıroyı, qa'dir-qımbatı bar. Onın' haq-huqıqın ayaq astı etiwine perzentleri de, ja'miyetshilik te shette qarap turmaydı. Biraq hayal mulayımlılıq, aqıllılıq, mehir ha'm g'amxorlıq penen o'z pikirlerin o'mir joldasına aytıwı, ol menen ma'sla'ha'tlesip, bir jag'adan bas

shıg'arıp is tutıwı lazım. Ha'dislerde sonday pikirler bar: «Barlıg'ın'ız o'z qolastın'ızdag'ılarg'a qa'wender ha'm juwapkersiz, er adam o'z shan'arag'ına qa'wender ha'm juwapker, hayal o'zi o'mir joldası u'yinde qa'wender ha'm juwapkerdur». O'zbeklerde «erli-zayıplı qos o'giz», degen so'z bar. Olar ekewi bir bolıp, u'y-ruwzıgershilik arbasın birge tartsa turmıs kewildegidey boladı, awır isler ha'm ornınan an'satlıq penen ko'shedi. Er adam shan'araq baslıg'ı bolg'anı sebepli hayal bul haqıyqattı ta'n alıp, shan'araqtı basqarıwda onın' ornın inka'r etpewi, u'y jumıslarında ol menen bir jag'adan bas shıg'arıp turıwı, onı shan'araq baslıg'ı, dep ta'n alıwı ma'jbu'riyat emes, ba'lkim juwapkershilikdur. Bul juwapkershilik tu'binde insaniy ha'm joqarı ma'nawiyat jatadı. O'mir joldasın hu'rmet etiw ha'm sawaplı is. Ha'dislerde aytılg'anınday, «qaysı bir hayal du'nyadan ko'z jumsa o'mir joldası odan razı bolsa, ol hayal ja'nnetke tu'sedi».

Bizin' hayallarımızg'a tiyisli bolg'an kishipeyillik, iybeli, a'ndiysheli ha'm ma'nawiyatdur. Hayaldın' kishipeyilligi, a'ndiysheliligi shan'araq turmısın turaqlı saqlawg'a, tu'rli kelispewshiliklerge jol qoymawg'a umtılıwının' a'dpelilik tiykarıdur. Ha'dislerde hayaldın' o'z o'mir joldasına bolg'an mu'na'sibetinin' ma'nawiy tiykarı haqqında sonday u'lgili pikirler aytılg'an: «Hayallardın' jaqsısı o'mir joldasının' ko'zin quwantıratug'ın, aytqanına so'zsiz boysınıwı ha'm unatqan na'rsesin unatatug'ın, unatpaytug'ının unatqan boladı».

Hayaldın' ko'rinisi, ju'ris-turısı, kiyiniwi, pa'kligi ha'm o'mir joldasına og'an tikkeley hu'rmet oyatatug'ın sebeplerdendur. Hayal o'zine qarap pardozlanıwı ko'shede ju'riw, basqalardın' ko'zine tu'siw, o'zine itibardı qaratıw ushın emes ba'lkim jumıstan sharshap keletug'ın o'mir joldasının' ruwxın ko'teriw ushın qılıwı kerek. Ko'sheden sharshap, gey waqıtlarda to'men keypiyatta kelgen er adam ushın hayalının' shiriyin so'zi, g'amxorlıg'ı, jag'ımlı na'zerinen jaqsıraq zat bolmasa kerek. Er adam hayaldın' shiyrin so'zinen emes, ba'lkim ko'rinisi, kiyiniwi, pa'kligi ha'm o'zinen ruwxıy quwat aladı. Er adam jumıstan sharshap kelse, u'yinde ha'mme na'rseler awdar-to'n'ker bolıp jatsa, hayalı patas kiyimlerdi kiyip, o'zine qaramay ju'rse, bunın' u'stine bolar-bolmas sebepler tawıp ja'njel baslasa, balalarına qarap baqırsa, onı alıp bermedin', bunı alıp bermedin' dep

ınjıqlıq qılsa, bul ha’m adam keypiyatın buzadı. Sol sebepli ha’m hayaldın’ o’zine belgili da’rejede qarap ju’riwi, u’yin azada tutıwı shan’araq turmıs go’zzallıg’ının’ orınlı ma’nawiy tiykarlarınan biri. Ana pa’kize kiyinip, waqıtı shaq bolıp ju’rse budan perzentleri de quwanadı.

Erinin’ a’mirine boysınıw – onın’ aqıl menen oylap, shan’araq ma’plerin itibarg’a alıp aytqan so’zlerine, islegen islerine ko’meklesedi. Biraq erinin’ erki de ma’lim bir ma’nawiy faktor shen’berinde bolıwı tiyisligin umıtıp bolmaydı.

Juwmaqlap aytqanda bul du’nyanın’ deregi de, tiregi de Alla, son’ ana. Ana o’z mehir nurı menen pu’tkil insaniyattın’ ma’nawiy kelbetin qa’liplestiredi.

## II-bap. Shan'araq ma'nawiyatı – ja'miyet ma'nawiyatı

### II.1. Ja'miyetlik pikirinin' shan'araq turmıs ha'm jaslar ta'rbiyasına ta'siri.

Perzent ta'rbiyası qon'sı-qobalar ta'siri, ma'ha'lle qorshag'an ortalıqqa baylansılı sebepli o'zbekler barlıq da'wirlerde ja'miyetlik pikirine biypa'rwa qaramag'an. «Ha'wli alma, qon'sı al», «Qon'sı tınısh, sen ha'm tınısh», «Qıyamet ku'ni qon'sıdan», degen naqıllar da sotsiallıq ortalıqtın' insannın' ja'miyetlik turmıstag'ı ornının' a'hmiyeti joqarı da'rejede sa'wlelengen hikmetlerden bolıp esaplanadı.

Ha'r bir shan'araqtın' tınıshlıg'ı – qarama-qarsı jasap atırg'an qon'sının' tınıshlıg'ı. Sol sebepli ha'm shan'araqlar ortasındag'ı da'slepki, shın kewilden bolg'an baylanıslar ma'ha'lleler, awıldag'ılar, qon'sı-qobalar mu'na'sibetlerinin' ayrıqsha formasın payda etedi.

Qon'sılar bir-birinin' shan'araq turmıs sha'rayatların ku'yewi ha'm hayalı ortasındag'ı mu'na'sibetler jag'dayı perzentler ta'rbiyası barısında erisken jen'isleri basqalarg'a qarag'anda jaqsı bilgen, turmıstın' quwanıshlı ku'nlerind, aza waqıtlarında bir-birine ma'sla'ha'tshi, ko'mekles bolg'anlar. Ha'r bir shan'araqtın' ishki mu'na'sibetlerin hesh kim onın' qon'sısınday jaqsı bilmeydi. Bul haqqında ha'dislerde sonday xikmetli so'zler aytılg'an: «Qon'sıların'ız jaqsı adam deytug'ın bolsa, demek siz jaqsı adamsız. Eger olar sizdi jaman deytug'ın bolsa, demek siz jaman adamsız». Bul da ja'ma'a'tshilik pikirinin' shan'araq turaqlılıg'ı, perzent ta'rbiyası ushın u'lken a'hmiyetke iye bolg'anlıg'ın ko'rsetedi.

Erli-zayıplı, perzentler ja'ma'a'tshilik pikirin hu'rmet qılg'anı ushın da shan'araqtag'ı mayda-shu'ydeni ha'mme jaqqa jar salmaydı. Kelispewshiliklerdi tınısh jol menen sheshiwge ha'reket qılg'an. Ja'ma'a'tshilikten, qon'sı-qobadan uyalıw arzımas sebepler menen jas shan'araqlar buzılıp ketpewine sebep bolg'an. Aytarlıqtay kelispewshilikleri bolg'an ko'plegen erli-zayıplar, atalar ha'm balalar ma'ha'lle ja'ma'a'tshiliginin' aralasıwı, u'lken jastag'ılardın' na'siyatları na'tiyjesinde jarasıp, ja'ne mazmunlı turmıs keshire baslag'an. Ma'ha'lle ja'ma'a'tshiliginin' ta'siri na'tiyjesinde mu'na'sibetleri jaqsılanıp, tatıw turmıs

keshirip atırg’an ko’plegen shan’araqlar ha’zir de bar. Ja’ma’a’tshilik, qon’sı-qobalar shan’araqtag’ı bala ta’rbiyası ma’selesine de biypa’rwa qaramag’an. Jaslar ruwxıy na’pa’klikke jol qoysa, birinshi gezekte ata-anasına da’kki bergen. Eger de bunnan payda bermese naqabıl perzenttin’ o’zi menen so’ylesip onı tuwrı jolg’a salıwg’a ha’rket qılg’an. Ata-analar ha’m o’z perzentlerinin’ qılmısları ushın birinshi na’wbette qon’sı-qobalar, ma’ha’lle ja’ma’a’tshiligi aldında o’zlerin naqolay sezgen. Ayırım shan’araqlarda ushırap turatug’ın qolaysız jag’daylar, ta’rbiyasızlıqlar ja’ma’a’tshiliktin’ olarg’a unamsız pikirin rawajlandırg’an. O’tmishte ayırım shan’araqlar ma’nawiy jarlılıq sebepli ja’ma’a’tshilikti ta’n almag’anı, onın’ pikirine qulaq salmag’anı ushın ma’ha’lleden, awıldan ko’shirilip jiberilgen. Bul ko’pshilikke qattı ta’sir etken, basqalar da bul isten o’zi ushın kerekli sheshim shıg’arg’an. Ha’r bir ata-ana ushın o’z perzentinin’ ta’rbiyası, a’debi, ju’ris-turısı ushın qon’sı-qobalardan, «Atan’a raxmet» degen so’zdi esitiw en’ joqarg’ı sıylıq bolg’an. Xalıqtın’, «Anası maqtag’an qızdı alma, el maqtag’an qızdı al» degen maqalda da ha’r bir jastın’ ta’rbiyası ha’m a’debine qon’sı-qobalar tuwrı baha bere alıwı mu’mkinligin ayqın ko’rsetken. Sol sebepli de xalqımız bir qızg’a sawshı bolsa, onın’ kimligin ju’ris-turısının’ qandaylıg’ın birinshi ma’rte jaqın qon’sı-qobalardan sorastırg’an.

Perzentlerdin’ o’z ata-anasına bolg’an mu’na’sibeti de ja’miyetshilik itibarınan shette qalmag’an.

Ha’r bir shan’araqtın’ tınıshlıg’ı barlıq qon’sı-qobalardın’ qalaberse, barlıq ma’ha’llenin’ tınıshlıg’ı. Bir u’yde erli-zayıplı, perzentler ha’m ata-analar ortasında ha’mme waqıt urıs-ja’njel bola berse qon’sı-qobalardın’ tınıshlıg’ı da jaslardın’ ta’rbiyası da buzıladı. Bunday shan’araqlardı kelisimge keltiriw paydalı ha’m sawap is. Ja’njel shıqqan shan’araqtag’ı erli-zayıplını, ata-ana menen perzentleri, ag’a-inililer, apalı-sin’lilerdi jarastırıp qoyg’an adamlar budan o’zleri ushın da na’tiyje shıg’arıp aladı. Basqalardın’ qa’te ha’m kemshiliklerin ko’riw ha’r bir shaxs o’zin teren’ an’lay alıwı da a’hmiyetli. Du’nyada kemshiliksiz insan joq. Ayırım qılg’an qa’telerimiz ko’zlermizge ko’rinbese de basqalardın’ qa’telerin ko’rip oylap sog’an qarap juwmaq shıg’aramız.

Tatıw emes shan'araqlardın' naqabıl perzentlerine ko'rsetiletug'ın ja'miyetlik ta'siri dox urıw, na'siyat yamasa ko'zabag'a qılınatug'ın is emes. Bul ju'da' qıyın, juwapkerli sotsiallıq-ta'rbiyalıq, psixologik jag'day. Eger jaslarg'a maqul emes isler qılg'an insang'a bola ja'miyetshilik ta'sirin ku'sheytiw menen baylanıslı bolg'an ilajlar ju'zeki o'tkerilse budan hesh qanday na'tiyje shıqpaydı. Jaslar bunday ilajlarg'a u'yrenisip, aq saqallar, ma'ha'lle isbilermenlerdin' pikirin tın'laydı, biraq eski a'detin dawam ete beredi.

Ja'miyetshilikte insan o'z-o'zin an'lawındag'ı ornı u'lken a'hmiyetke iye. İnsan o'zine baha bergende ha'r waqıt pikirin «jaqsı», dep bildiredi. Onın' o'zine qalıs baha bere almag'anlıg'ı o'zine qalıs, tuwrı tan'law imkanına iye bolmag'anlıg'ınan kelip shıg'adı. Haqıyqıy insan basqalarg'a baha beriwden aldın o'zinin' kim ekenin teren' an'lap alıwı kerek. O'zin an'lamag'an insannın' o'zi haqqında pikiri ha'm basqalar haqqında pikiri bir jaqlama boladı. A'dette shınnan shıqqan urı, gellekeser, tawlamashı, jalaxor a'depsiz insan qılmısların aqlaw ushın ma'nawiy tiykar izleydi. Bunday adamlar, a'dette o'zlerin haq dep esaplaydı. Birewge azar berdim, birewdi aldadım degen pikir olardın' qıyalına da kelmeydi. Bunday joldan barıw basqalardı aldaw emes, ba'lkim insan o'z-o'zin aldaw bolıp esaplanadı.

İnsan o'z-o'zin aldasa da, ja'miyetshilikti aldawı qıyın.

Turmısta jol qoyg'an ha'r bir qa'te-kemshiliklerdi o'zimizden ko're basqalar jaqsı sezedi. Sol sebepli aqıllı, mehriyban ata-analar o'z perzentlerinin' qılmıslarına, ju'ris-turısına, ja'miyetshilik pikirin itibarg'a alıp qalıs baha beriwge ha'reket etedi.

Ata-ana ushın du'nyada perzentten a'ziyz adam joq. Qara g'arg'a palapanın appag'ım deydi, kirpitken – jumsag'ım deydi, degen ga'p bar xalıqta. Sol sebepli ata-analar ashıw menen perzentlerinen ma'ha'llege arız qılsa jag'day qıynlasıp ketse da'rha'l o'z arızların qaytıp alıp keshirim soraydı. Ag'ayin-tuwısqanlarda usınday waqıtlarda tuwısqanlıq sezimleri ku'sheyip ketedi. Bunday jan ku'yerlik, a'depsizlik jınayat islegen balanı jan'a «qaharmanlıq»larg'a ilha'mlandıradı.

Shan’araqlarda bolg’an kelispewshilikler, urıs-qag’ıslar, a’depsizlikler, jınayat qılg’ang’a baha beriwdi, aqıllı, abıroylı, u’lken jastag’ı turmıs ta’jiriybesine iye bolg’an aqsaqallar bunday islerdi a’dalatlı ta’rizde sheship beredi.

Bir shan’araqtag’ı jaman jag’dayg’a qarag’anda ja’miyetshilik pikirin bilidiriwden maqset a’dep-ikramlılıq, nızam shegarasınan shıqkan adamlarg’a na’siyat qılıw, olardı tuwrı jolg’a salıw. Bul istegi na’tiyjeli jol minez-qulqı analiz qılıng’an shaxstı o’z hu’jdanına qulaq salıwg’a u’yretiw. Birewdin’ isin basqalar qaralag’annan ko’re insan o’z qılmısının’ qa’te ekenligin hu’jdanına qulaq salıp an’lap jetkeni maqul boladı. A’deplilik sud – insan hu’jdan a’miri menen o’zi u’stinde o’zi hu’kim shıg’aradı.

> Eger insan nızam shegarasınan shıg’ıp, ja’miyet ha’m ja’miyetshilik aldında juwap beriwi kerek bolsa, bul – jınayat delinedi. Eger bir is qılıp o’z-o’zi aldında juwap beriwi kerek bolsa, – bul hu’jdan na’tiyjesi boladı.

Ja’miyetshilik pikiri birinshi na’wbette insannın’ hu’jdanın oyatıwg’a, onın’ qılmıslarına o’zi qalıs baha berip u’yretiwge qaratıw kerek. İnsanlardı o’z hu’jdanına qulaq salıwg’a shaqırıw, a’sirese kelisimge kelmegen ata-analar, ag’alı-inililer, apalı-sin’lilerdi jarastırıp qoyıwda qol keledi.

Ja’miyetshilik pikiri ata-analar ha’m balalardın’ ja’miyet, ja’miyetshilik aldında wazıypasın ku’sheyttiretug’ın u’lken sotsiallıq, ma’nawiy faktordur.

«Nızam – ma’mlekettin’ hu’jdanı», degen edi ataqlı filosof Gobbs. Hu’jdan insan turmıs ta’rizin tuwrı, a’dalatlı izge salıwshı ishki ruwxıy nızam. Tek hu’jdan tiykarında insan basqalardın’ ga’plerine qulaq saladı, olardan ibrat aladı, islerin belgili bir a’dep ha’m huqıq o’lshemlerine sa’ykeslestiredi, o’zin an’law arqalı basqlardı teren’lew an’lay baslaydı.

Milliy ha’m diniy u’rp-a’detlerimizdin’ qon’sı-qobalardın’, jaslarg’a ma’nawiy ta’sir etiwi, arası buzılg’an erli-zayıplı yamasa eki shan’araqtın’ arasına tu’sip jarastırıp qoyıw sawaplılıg’ı jag’ınan oraza, namaz, ha’m sadaqa qılıwdan abzalraq boladı. Bul orında Rasuli Akramnın’ ha’dislerinen aytqan pikirlerinen keltirsek boladı: «Oraza, namaz ha’m sadaqa qılıwdan abzal a’melden xabar

bereyin be? Bul eki adamdı jarastırıp qoyıw. Birewlerdin' arasın buzıw dinnin' qıranidur».

Bul pikirde ko'rinip turıptı, eki adamdı jarastırıw sawaplı is bolsa, olar arasında ha'r qıylı kelispewshiliklew, tu'rli ga'pler tarqatıw arqalı buzıw – u'lken gu'na'. Sha'riyat qag'ıydalarında ha'm erli-zayıplı arasında ga'p tasıp, olardın' arasın buzıw zulım, haram qatarına kiritilgen.

Bizin' shan'araqlarımızdın' ag'ayin-tuwısqan, qon'sı-qoba, ma'ha'lle menen mu'na'sibetlerine tiykar bolg'an ma'nawiy faktorlar qatarına ha'mkarlıq, ha'mda'rtlıq, ma'sla'ha'tgo'ylik, g'amxorlıq, awır-qıyın jag'daylarda bir-birine ko'mekles, jelkeles bolıw pazıyletleri de kiredi. Bul barısında ma'resimler da'stu'rler, u'rp-a'detler jaqsı mu'na'sibetlerdin' belgisi emes, ba'lkim ullı milliy baylıg'ımız. Bunday qa'diryatlardı rawajlandırıw ma'nawiy ka'malatamızdın' za'ru'r jolı bolıp qalmaqta.

Xalqımızda bir balag'a jeti qon'sı-qoba ata-anadur, degen ga'p bar. Bul da bizin' ullı milliy qa'diriyatımız. Ma'ha'llelerde, awıllarda qon'sı-qobalar a'sirese qarılar jaslardın' ju'ris-turısına biypa'rwa qaramaydı, ha'r qa'demin olardı ta'rbiyalawg'a, tuwrı jolg'a salıwg'a ha'reket qıladı, hadal miynet etiwge shaqıradı.

Ma'ha'lle, qon'sı-qobalar qatnası, ha'mda'rtlıg'ın ko'rsetiwshi ja'ne bir ma'sele u'stinde toqtap o'teyik. A'dette awıllarımız, ma'ha'llelerimizde egerde bir u'yde toy mereke bolsa, jaslar hesh kimnin' shaqırıwısız azannan keshke shekem xızmet etedi. Barlıq qon'sı-qobalar da'stu'rxan bezew, tag'amlar pisiriw, kelgen miymanlardı toyxana iyesine emes, ba'lkim jaqın qon'sı-qobalar da tik turıp, ashıq kewil hu'rmet penen ku'tip alıwı, barlıq jas-kishiler jortıp-ju'girip xızmet etiwi de sonday ullı ma'nawiyat belgisi. Teren' oylap onın' mazmunın, ta'rbiyalıq a'hmiyetin, tariyxıy tamırların ko'z aldımızg'a keltiremiz. Bar na'rsege ko'nigip ketkenligimiz sebepli olar a'dette bir halday ko'rinedi. Eger bul islerge 10 jıllap qon'sı-qobalar bolıp jasap, bir-birin tanımag'an, barıs-kelis qılmag'an adamlar ko'zi menen qarasaq, bunday ma'nawiy jag'daydın' mazmunın teren'lew an'law imkanına iye bolamız. Bunday u'rp-a'detler xalqımızda a'yyemgi zamanlarda da

bolg’an. Olar shan’araq, jeke mu’na’sibetler barısında islamlıq qa’diriyatlar rawajlanıwına u’lken ta’sir ko’rsetken.

Tariyxıy rawajlang’an, ja’miyetshilik pikiri tiykarında saqlanıp kelingen bunday da’stu’rler jetim-jesirlerge, biysharalarg’a, kesellerge mehir-mu’rriwet, rehim-shapqat ko’rsetiw ma’selesinde u’lken a’hmiyetke iye bolg’an. Bul pikirdi tiykarlaw ushın ha’dislerde aytılg’an so’zlerdi keltiriw mu’mkin.

«Jan qon’sısı ash turıp, o’z tamag’ın toydırıp ju’rgen adam mo’min ka’mil emes». Bul pikirler jaslar ushın ha’zir de u’lken ta’rbiya mektebi bola aladı.

Shan’araqtı bekkemlew, jaslardı ta’rbiyalawda ja’miyetshilik pikirinin’ ku’shi ha’m ta’sirinen ken’ paydalanıw ha’zirgi ku’nde u’lken a’hmiyetke iye. Bul boyınsha ta’jiriybe ha’m da’stu’rlerden na’tiyjeli paydalanıw g’a’rezsizlik jag’daylarında a’melge asırılıp atırg’an ma’nawiy, ta’rbiyalıq islerin jaqsılawdın’ a’hmiyetli sha’rti esaplanadı.

## II. 2. Bala ta’rbiyasında «shan’araq, ma’ha’lle, mektep ha’mkarlıg’ı» kontseptsiyasının’ a’hmiyeti

Ta’rbiya protsessii qatnasıwshılarının’ is-ha’reketlerin birlestiriw maqsetinde qooe jılı islep shıg’ılg’an «Shan’araq, ma’ha’lle, mektep» Kontseptsiyası jaslardı milliy g’a’rezsizlik ideyalarına sadıq, ruwxıy ba’rkamal, watanshıl, xalıqshıl etip ta’rbiyalawda ken’ ja’miyetshilik islerdi muwapıqlastırıw haqqında ma’lim bir bag’darlama boldı.

Ma’mleketimizde keyingi jılları qabıl etilgen ta’lim ha’m ta’rbiya jo’nindegi bir qatar hu’jjetler(meeriy), sonın’ ishinde O’zbekstan Respublikasının’ «Ta’lim haqqında»g’ı Nızamı, «Kadrlar tayarlawdın’ milliy da’stu’ri» bazar ekonomikası sha’rayatlarında na’tiyjeli isley alatug’ın, erkin pikirlewshi kadrlardı tayarlawda shan’araq, ma’ha’lle ha’m mekteptin’ abıroyın ja’nede joqarı pag’anag’a ko’teriwdi talap etedi.

Ta’lim-ta’rbiyanı jetilistiriwde de ma’mlekn’et bas reformatordur. Jurtbasshımızdın’ atap ko’rsetkenindey, birinshiden, jas a’wladqa o’zligimizdi, muqa’ddes da’stu’rlerimizdi an’law tuyg’ıların, xalqımızdın’ neshshe a’sirler

dawamında qa'liplesken arzıw-u'mitlerin, ja'miyetimizdin' aldına bu'gin qoyılg'an ullı maqset ha'm wazıypalardı sin'diriw;

-ekinshiden, ja'miyetimizde bu'gin bar bolg'an hu'rpikirlikten biyg'a'rez jaslardı birlestiretug'ın, xalqımız ha'm ma'mleketimizdin' qol qatılmaslıg'ın, tınıshlıg'ın saqlaytug'ın, el-jurtımızdı en' ullı maqsetlerge qaray sharlaytug'ın birden bir ideya – milliy ideologiyag'a sadıqlıq ruwxıynda ta'rbiyalaw;

-u'shinshiden, jaslardı du'nya elleri ishinde, xalıq aralıq maydanda O'zbekstang'a mina'sip hu'rmet tuwdırıw ushın umtılıw ruwxında ta'rbiyalaw;

-to'rtinshiden, jaslardı watanshıllıq, el-xalqına sadıq, ullı adamgershilikli ha'm insaniylıq pa'ziyletler ruwxıynda ta'rbiyalaw;

-besinshiden, jas a'wladlardı ata-babalarımızdın' mina'sip miyrasxorları ekenligi, bu'gingi ku'nde ja'ha'n ha'm zamannın' ulıwmainsaniylıq jetiskenliklerin iyelew ruwxında ta'rbiyalaw O'zbekstanda oqıwshı jaslardı ta'rbiyalawdın' en' aktual ma'selesidur.

**təlim-tərbiya taraўындағы**

**reформalar:**

- sotsiallıq-siyasiy ıqlımg’a unamlı ta’sir ko’rsetiwge, ulıwma ma’mlekettegi bar bolg’an ortalıqtı, «atmosferanı» pu’tkilley o’zgertiwge;
- insannın’ o’mirde o’z ornın tabıwın tezlestiriw;
- ja’miyette erkin pikirlewshi shaxstı qa’liplestiriwge;
- insandag’ı bar bolg’an imkaniyat, qa’blietti tolıq ju’zege shıg’arıwg’a;
- ulıwma ha’m arnawlı bilimlerge iye, sanalı, oy-pikiri erkin, zamanago’y du’nyaqaras, milliy ha’m ulıwmainsaniylıq qa’driyatlarg’a miyrasxor bolg’an, ku’shli puqaralıq ja’miyetti qurıwg’a qudireti jetetug’ın ka’mil insanlardı ta’rbiyalap jetilistiriwge qaratılg’an.

Bul kontseptsiyada rawajlanıwımızdın' ruwxıy-a'deplilik negizi milliy ha'm ulıwmainsaniy qa'driyatlardın' uyg'ınlıg'ı ekenligi atap ko'rsetiledi, milliy ha'm ulıwmainsaniy ta'rbiyanın' to'mendegi o'z-ara baylanıslılıg'ı, uyg'ın bag'darları belgilep alınadı.

Milliy ta'rbiyanın' bag'darı arqalı jaslarda o'zlikti an'law, watanshıllıq, milliy maqtanısh, milletlerara qatnas ma'deniyatı, milliy ideologiyalıq sanalılıq, milliy a'dep, pidayılıq pa'ziyletleri qa'liplestiriledi.

Ulıwmainsaniy bag'darda huqıqıy, ekonomikalıq, fizikalıq, aqılıy, estetikalıq, gigienalıq ha'm basqa ta'rbiya bag'darları a'melge asırıladı. Bul Kontseptsiya milliy ma'mleketshilik ha'm ja'miyet qurılısı talapları tiykarlıg'ın ta'miyinleydi.

Kontseptsiyada shan'araqqa ayrıqsha itibar qaratılg'an. O'zbekstanda qooi jıl «Shan'araq jılı» dep dag'azalanıwı shan'araqtın' ta'rbiyalıq rolin ja'nede ku'sheyttirdi. Joqarıda keltirilgen ma'seleler ja'miyetimiz, ma'mleketimiz, xalqımızdın' ta'g'diri ha'm onın' du'nya ko'lemindegi siyasiy, ekonomikalıq, sotsiallıq potentsialın qa'liplestiriwde ju'da' u'lken a'hmiyetke iye ekenligine O'zbekstan Respublikası Ministrler Kabinetinin' 2008 jılı 26 marta qabıl etilgen «Sotsiallıq-ruwxıy ortalıqtı ja'neje salamatlastırıw, diniy aqidaparaslıqtın' aldın alıw is-ilajları haqqında»g'ı 130-sanlı qararı mısal bola aladı.

Sonday aq, O'zbekstan Respublikasının' «Ta'lim haqqında»g'ı Nızamının' 30-bo'liminde «Balag'at jasına jetpegen balalardın' ata-anaları yaki nızamlı wa'killeri balanın' nızamlı huqıqları ha'm ma'npa'a'tlerin qorg'awları sha'rt ha'mde olardın' ta'rbiyası, mektepke shekemgi, ulıwma orta, orta arnawlı, ka'sip-o'ner ta'limin alıwları ushın juwapker», dep belgilep qoyılg'an.

«Kadrlar tayarlawdın' milliy da'stu'ri»nin' 3.2 ba'ndinde bolsa ta'lim alıwshılardın' oqıwı, turmıs ta'rizi ha'm dem alıwı ushın shart-sharayatlar jaratıw haqqındag'ı wazıypalardın', ma'selelerdin' sheshiliwinde ja'miyetshilik basqarıwdı rawajlandırıwg'a ayrıqsha itibar qaratılg'an. Bul «Shan'araq, mektep, ma'ha'lle ha'mkarlıg'ı» bu'gingi ku'nnin' ruwxıy, ag'artıwshılıq, ideologiyalıq, ta'rbiyalıq za'ru'rligi ekenligin bildiredi. Jas a'wla'dtı ruwxıy-a'deplilik ta'rbiyalawda xalqımızdın' bay milliy, ma'deniy, tariyxıy da'stu'rlerine, u'rp-

a'detlerine ha'mde ulıwmainsaniylıq qa'driyatlarg'a tiykarlang'an na'tiyjeli, zamanago'y pedagogikalıq texnologiyanın' islep shıg'ılıp, a'meliyatqa endiriliwi, shaxstı ta'rbiyalaw ha'm onı ha'r ta'repleme kamal taptırıwdın' u'stinligin ta'minlew, ulıwma ha'mde milliy pedagogikalıq ma'deniyattı asırıw, ma'mleketimiz puqaraları arasında milliy ideologiyalıq ta'rbiya islerin jetilistiriw «Shan'araq, ma'ha'lle, mektep ha'mkarlıg'ı» Kontseptsiyasının' tiykarg'ı maqsetidur.

Elimizde bolıp atırg'an o'zgerisler bul Kontseptsiya bag'darındag'ı bala ta'rbiyasında shan'araq, ata-ana, ma'ha'lle, mekteptin' negizgi wazıypaların mazmunı jag'ınan jan'alap turmısqa endiriwdi talap etedi.

## II. 3. Ma'ha'llede ta'rbiyalıq islerdi sho'lkemlestiriw ha'm onın' a'hmiyeti

Bul wazıypalardı sheshiwde ma'ha'lle iskerligi, aktivligi u'lken a'hmiyetke iye. O'ytkeni ol sotsiallıq terbiyanın' negizgi tarmaqlarınan biri esaplanadı. Ma'ha'llenin' u'stinligi sonda, ko'p jıllar dawamında birge jasag'an insanlar bir aymaqlıq shan'araq kibi ja'mlesip jasap, bir ata-ananın' perzentleri kibi ta'rbiya aladı. Ma'ha'llede da'stu'riy ta'rbiyanın' metodları bolıp, olar bir neshe a'sirlik turmıslıq sınaq ha'm ta'jiriybelerden o'tken. Ma'selen xashar usılı menen sotsiallıq paydalı miynetke ja'mlestirilip, awır payıtlarda bir-birine ja'rdem beredi. «Naurız», «Altın toy», «Mu'shel toy», «Shashıw toy» ha'm bir qatar basqa milliy ma'resimlerdi birgelikte bayramlaydı. Bul bolsa so'zsiz u'lken ta'rbiyalıq a'hmiyetke iye ha'm a'deplilikti rawajlandırıwg'a, milliyligimizdi saqlap qalıwg'a, bayıtıwg'a, ja'miyettin' baslang'ısh negizi sıpatında shan'araqtı bekkemlewge ja'rdem beredi.

Ta'lim mekemeleri negizinde pedagogik, huqıqıy, psixologiyalıq, ruwxıy-ag'artıwshılıq bilim beriwshi «Ata-analar oqıwı» iskerligin sho'lkemlestiriw, bala ta'rbiyası jaqsı jolg'a qoyılg'an shan'araqlardı tiyisli mekemeler menen birgelikte u'a'renip shıg'ıp, ta'jiriybelerin en jaydırıwdı jolg'a qoyıw.

Ma'ha'lle aqsaqalları menen birgelikte ruwxıy salamatlıg'ı to'men shan'araqlardı ma'ha'lle jıyınlarında talıqlaw, olar boyınsha ja'ma'a'tlik pikirlerdi u'yreniw ha'm sonın' tiykarında kemshiliklerdi mu'mkinshiligi bolg'anınsha saplastırıw.

Ma'ha'llelerdin' unamlı is ta'jiriybesi, xalqımızdın' ruwxıy ta'rbiyadag'ı burınnan kiyatırg'an usılları, da'stu'rleri ha'm u'rp-a'detleri, sonday aq jaslar menen alıp barılatug'ın ta'rbiyalıq islerdin' jan'a  na'tiyjeli formaların izlew boyınsha jumıslardı sho'lkemlestiriw maqsetleri turar jay boyınsha ruwxıylıq-ag'artıwshılıq oraylar ashıw za'ru'rligin keltirip shıg'aradı. Ruwxıylıq-ag'artıwshılıq oray bul sotsiallıq ta'rbiya sisteması bolıp, ha'kimiyatlar, ma'ha'lle birlespeleri, ka'rxanalar, ja'miyetlik sho'lkemler, mektepler, mektepten tısqarı ta'lim mekemelerinin' turar jay boyınsha sotsiallıq ma'selelerin sheshiwge, xalıqtın' barlıq  qatlamları ha'm birinshi gezekte balalar ha'm o'spirimler arasında ta'rbiyalıq islerdi alıp barıwda unamsız illetlerdin' aldın alıw ha'm olarg'a qarsı ja'miyetshiliktin' ku'sh-g'ayratın birlestiredi.

Mektep, shan'araq, miynet ja'ma'a'tleri, ja'miyetlik sho'lkemlerdin' bul jan'a sisteması balalar ha'm eresek jastag'ı adamlardın' a'deplilik, ideyalıq-siyasiy, miynet, ekonomikalıq-ekologiyalıq salamatlastırıw ha'm fizikalıq ta'rbiyasına, bos waqtın mazmunlı o'tkeriwge, ma'deniyat, sport, xalıq ta'limi, ka'rxanalar, sho'lkemler ha'mde ma'ha'llelerdin' materiallıq bazası ha'm xızmetkerlerinen tolıq, aqılg'a say paydalanıwda a'meliy imkaniyatlar beredi.

Ruwxıy-ag'artıwshılıq oraydın' abzallıg'ı sonda, ol u'ziliksiz ta'rbiya protsessinde ta'rbiyanın' xalıqlıq, milliy tiykarların, da'stu'rlerin a'meliyatqa endiredi. Bunday oraylar ma'ha'llelerdin' ta'rbiyalıq jumıslarının' na'tiyjeliligin asırıwdı ta'miyinleydi, barlıq balalar ha'm u'lken jastag'ı adamlarg'a ruwxıy ta'sir ko'rsetedi.

Ruwxıy-ag'artıwshılıq oraylardın' iskerlikleri turar jaylar boyınsha xalıqtı tu'rli toparlarg'a bo'listiriliwi tiykarında qatnasta bolıw arqalı barlıq ta'rbiyalıq, fizikalıq salamatlastırıw, ma'deniy dem alıw, ag'artıwshılıq islerin jaqsılawdı ta'miyinlewge u'ndewge ha'reket etedi. Ha'kimiyatlar, xalıq ta'limi organları, u'y-

jay kommunal xojalıqları, ma’ha’lle komitetleri, huqıq qorg’aw organları, den sawlıqtı saqlaw mekemeleri, ka’rxanalardın’ wa’killerinin’ turaq jaylar boyınsha ta’rbiyalıq islerin rejelestiriw ha’m sho’lkemlestiriwde o’z-ara, tolıq birlikke erisiw kerek.

Ruwxıy-ag’artıwshılıq oraylardı kadrlar menen ta’miyinlewge xalıq ta’limi bo’limleri, ma’ha’lleler pidayılıq penen ja’rdem beriwleri u’lken jetiskenliklerge erisiwdin’ tiykarg’ı jollarınan esaplanadı.

Ma’ha’llenin’ o’zine ta’n turmıs ta’rizi bolıp, Kim bolıwınan biyg’a’rez onın’ ta’rtip-qag’ıydalarına boysınadı, bir-birine ja’rdem beredi, toy-merekelerde, xasharlarda birge boladı. Sonlıqtan da ma’ha’llenin’ turmıs ta’rizi onda jasaytug’ınlardın’ sana-seziminde o’zine ta’n bir jıllı sezimlerin ha’m jag’ımlı iz qaldıradı. Ma’ha’llede ra’smiy bolmag’an sotsiallıq baylanıslar sisteması qa’liplesken. Eger qanday da bir mereke bolsa, aqsaqaldın’ bir awız ga’pi menen barlıq qon’sı-qobalar xızmette boladı.

Barlıq adam ma’ha’llenin’ abıroyın saqlawg’a tırısadı. Bul jerde ja’ma’a’t ha’m aqsaqallardın’ pikirlerine boysınıw printsipi u’stinlik etedi. Bul na’rse Shıg’ıslıq ruwxıylıqqa masdur. Sol sebepli xalqımızdın’ arasında «Ma’hyllen’ ata-anan’», «Bir balag’a jeti ma’ha’lle ata-ana» degen ibaralar payda bolıp, adamlardın’ en’ quwanıshlı ha’m awır ku’nlerinde de ma’ha’lle insanlardın’ ku’nine jaraydı, ja’rdem ko’rsetedi, adamlardı birlestiredi. Joqarıda keltirip o’tken ibirilarımızdın’ mazmunı-ma’nisi og’ada teren’ bolıp, olar turmıslıq sınaqlar na’tiyjesinde payda bolg’an. Sonlıqtan da xalqımız arasında elege shekem olar jan’a mazmun menen jasap kelmekte.

Ha’zirgi waqıtta ma’ha’lle ko’pshilik adamlar ushın ruwxıy ortalıq bolıp esaplanadı. O’ytkeni bul jerde insang’a ibrat bolarlıq waqiyalar da, eskertiwshi, tu’rtki bolıwshı waqiyalar da bolıp turadı. Eger ma’ha’llede ruwxıy ortalıq pa’s bolsa, onda ol jerde huqıqbuzarlıqlar da orın aları so’zsiz. Demek, ruwxıy ortalıq shaxstı da, pu’tkil a’wladtı da belgili bir bag’darda birlestiredi, ta’rbiyalaydı, unamlı ta’replerin ju’zege shıg’aradı, olardı ha’r tu’rli jaramas illetlerden saqlaydı. Ruwxıy ortalıq ha’r qanday jetiskenlik yamasa ashılıwlardın’ (shetten qabıl etilgen

jan’a qa’driyatlardı da) ta’g’dirin belgileydi: ya rawajlandıradı, yamasa umıtılıwg’a ma’jbu’r etedi, yamasa deformatsiya etip, o’zine maslastıradı.

Ruwxıy ortalıq – ja’miyettin’ sezim, aqılıy ha’m fizikalıq kamalatı tuwrısında erisken ortasha da’rejesi tiykarında payda bolg’an talapları ha’m olardın’ a’melge asıw ta’rtibi. Ortalıq, a’dette, barqararlıqqa bir tegislik ha’m bir qıylılıqqa umtıladı, onın’ talapları ha’m ta’siri ha’mmege birdey – ortasha boladı. Onın’ talaplarına juwap beriw ushın kimlerdur o’zlerin ta’rbiyalaydı, qa’liplesedi. Kimler ushındur ulıwma ruwxıy ortalıqtın’ talapları kemlik qıladı. Bunda shaxslar yaki do’retiwshi topralardın’ imkaniyatları tolıq ju’zege shıqpastan qalıw qa’wipi tuwıladı. Sonlıqtan ulıwma ruwxıylıq ortalıq shen’berinde salıstırmalı o’zine ta’n bolg’an tabaqalıq, ka’siplik-professional yaki toparlıq ortalıqlar bar. Ha’r bir jas a’wladtın’, a’sirese mektep jasındag’ı balalardın’ ruwxıy jetik, ka’mil shaxs bolıp er jetiwinde taza atmosfera, ta’biyat ju’da’ u’lken rol oynaydı.

Ullı grek alımı Demokritten bir kisi kelip soraydı:

-Ha’zirgi jaslar jo’ninde ne dey alasızW

-Ha’zirgi jaslar o’z bilgenlerinen qalmaydı, olardı u’lkenlerge hu’rmet, kishilerge izzet jog’alg’an, o’zbasımsha bolıp ketken. Bunın’ aldın alıw ushın shan’araqtag’ı ha’m ma’ha’lledegi ta’rbiyanı ku’sheyttiriw kerek,- dep juwap beripti danıshpan.

Demek, ma’ha’lle insanlardın’ tariyxtan qa’liplesken ulıwma bolg’an maqset penen jasap, miynet etetug’ın ma’kanı esaplanadı. Ol bizin’ xalqımızdın’ turmıs ta’rizi, ruwxıyatı, sotsiallıq turmısının’ o’zine ta’n bolg’an qa’siyetlerin sa’wlelendiriwshi, milliy da’sru’rlerin, u’rp-a’detlerin, a’dep-ikramlılıq qa’driyatların a’wladtan-a’wladqa jetkerip beriwshi muqa’ddes ma’kan bolıp kelgen. Ma’ha’lle insanlardın’ milleti, jası, jınısı, dini, tili, isenimi, sotsiallıq kelip shıg’ıwı, shaxsiy ha’m sotsiallıq da’rejesinen biyg’a’rez olardı jaqsılıq jolında birlestiriwshi u’lken shan’araq bolıp esaplanadı. Bul shan’araq adamlardın’ bir-birlerine bolg’an hu’rmeti, muhabbatı, bekkem doslıg’ı tiykarında jasaydı.

Shan’araq ha’m ma’ha’lle ha’r ta’repleme bir-biri menen baylanıslı. Perzentler shan’araqta kamal tapqanı kibi, shan’araq ta ma’ha’lle ishinde,

keleshekke qaray umtılıp rawajlanadı, basqa shan’araqlardan ha’r ta’repleme izde qalmawg’a tırısıp ha’reket etedi. Na’tiyjede ha’m ruwxıy, ha’m materiallıq jaqtan o’zin o’zi ta’miyinlew ta’jiriybesi ha’m ko’nlikpesi ku’sheyip baradı. Kerekli waqıtları ma’ha’lle ha’r bir shan’araqtın’ en’ jaqın ma’sla’ha’tshisi ha’m tayanıshı boladı. Shıg’ıs xalıqları ushın en’ a’hmiyetli qa’siyet bul quwanıshlı ku’nlerde de, basına is tu’sken ku’nlerde de bir birine sherikles ha’m da’rtles bolıw. İnsanlar arasındag’ı bunday baylanıs ha’m mu’na’sibetlerdin’ a’hmiyetli quralı bul ma’ha’lledur.

O’zbekstanda turmıs ma’deniyatın jetilistiriw ha’m ko’plegen mashqalalardın’ sheshiliwinde tariyxıy wazıypanı atqarg’an ma’ha’lle – xalıqtın’ xalıq bolıp maydang’a shıg’ıwında en’ birinshi faktorlardan boldı desek qa’telespegen bolamız. Ma’ha’lle birlestiriwshi ku’sh bolıp, Watannın’ bir bo’legi esaplanadı. Ma’ha’llede jetiskenlikler, kemshilikler de turg’ınlarına ma’lim. Adamlardın’ biri birilerin jaqsı biliwi na’tiyjesinde ortada mehir-aqıbet payda boladı. Bulardın’ barlıg’ı xalqımızdın’ ruwxıy jaqtan jetilistirgen, onı ma’deniyatlı xalıqlar qatarına ko’tergen en’ qımbatlı milliy belgilerdendur. Ma’ha’lleni shan’araq qorg’anı dep te ataw mu’mkin. Millettin’ tariyxın u’yreniw ma’ha’llenin’ tariyxın u’yreniwden baslanadı.

Ma’ha’lle jo’ninde so’z etkenimizde Prezidentimiz İ.A.Karimovtın’ aytqanınday: «A’sirler dawamında ma’ha’llelerde ko’plegen turmıslıq mashqalalar o’z sheshimlerin tawıp keldi. Toy –merekeler de, Xayt xasharlar da ma’ha’lle turg’ınlarısız o’tpeydi. Ma’ha’llelerde siyasiy, ekonomikalıq ha’m basqa ma’selelerge tiyisli ja’miyetshilik pikiri qa’liplesedi. Bul bolsa xalqımızdın’ turmıs ta’rizi, ata-babalarımızdan bizge miyras bolıp kiyatırg’an sana-sezim, oy-o’ris ta’rizidur. Turmıstın’ o’zi ma’ha’llelerdi rawajlandırıw ha’m olardı qollap-quwatlawdı talap etpekte. Ma’mleketimizde ko’p qırlı reformalar a’melge asırılıp atırg’an bir payıtta ma’ha’lle ja’miyet ushın isenimli tayanısh ha’m ta’sirshen’ ku’sh bolıp xızmet etiwi lazım.»

Ma’ha’llenin’ iskerligin ja’nede janlandırıw ha’m olardın’ ta’sirin ku’sheyttiriw maqsetinde Prezidentimiz ha’m Respublika Oliy Ma’jilisinin’ bir

neshe ibratlı pa'rmanlar ha'm nızamlardı turmısqa endirilmekte. Solardan, «Puqaralardın' o'zin-o'zi basqarıw organları jo'ninde» gi nızamın mısal retinde keltirip o'tsek boladı.

Ma'ha'lle u'lken ma'mleket ishindegi kishkene bir ma'mleketdur. Sonın' ushın onı basqarıw siteması bolg'anı kibi, onın' o'zine ta'n sotsiallıq – ekonomikalıq ha'm ma'deniy-ag'artıwshılıq iskerlik mexanizmi de a'sirler dawamında qa'liplesedi.

Ma'ha'llede, onda jasawshı shan'araqlar ha'm ha'r tu'rli jastag'ı insanlar ushın ta'n bolg'an ta'dbirler a'melge asırılıp kelinbekte. Ma'selen: «Qa'nekey qızlar», «Jigitler sultanı», «Jaslar g'a'rezsiz turmıs bosag'asında», «Huqıqın'ızdı bilesizbeW», «Shan'araq – ja'miyet tayanıshı», «Qayın ene –kelin mu'na'sibetlerinin' a'deplilik-ruwxıy tiykarları» ha'm t. b.

O'zbekstan Respublikası Oliy Ma'jilisinin' usı nızamı boyınsha ma'ha'llelerge u'lken huqıq berildi, olardın' basqarıwshılıg'ın ken'eyttirip, byudjetten qosımsha shtatlar ajıratıldı ha'm kem ta'minlengen shan'araqlarg'a napaqalar tarqatıw da ma'ha'llelerge ju'kletildi.

O'zbekstan Respublikası Prezidentinin' «Respublika « Ma'ha'lle» xayriya jamg'armasın sho'lkemlestiriw haqqında»g'ı 1999 jıl 12 sentyabrdegi Pa'rmanına ko're tariyxıy qa'liplesip kelgen milliy ruwxıy qa'driyatlardı abaylap-asıraw ha'm xalqımız arasında en jaydırıw, respublika ma'ha'llelerinde ma'deniy ha'm ag'artıwshılıq islerin ken' jolg'a qoyıw, sonday aq, olardı sotsiallıq ha'm ekonomikalıq jaqtan ja'ne de bekkemlew sharaların ma'mleketlik jol menen qollap-quwatlaw maqsetinde jamg'arma du'zilgenligi aytıladı.

Sha'riyatımızda ha'r bir insannın' bir-birlerine haq huqıqları bar ekenligi ko'rsetilgen. Solardın' ishinde ha'r bir perzenttin' biliwi tiyis bolg'an ata-ana aldındag'ı wazıypaları to'mendegiler:

1. Mu'ta'j bolg'anda awqatlandırıw
2. Xızmetin etiw
3. Shaqırg'anda la'bbay dep juwap beriw
4. Gu'nadan basqa islerge jumsasa taq turıw

5. Ata-ana menen jumsaq ma'milede so'ylesiw

6. Ata-ananı, qurbı jetse libaslar menen ta'minlew

7. Ata-ananın' arqasında ju'rmek

8. O'zi jaman ko'rgen na'rseni ata-anag'a rawa ko'rmeslik

9. O'zi razı bolatug'ın na'rseni ata-anasına da rawa ko'riw

10. Mudamı o'zi ushın duwa qılg'anda, ata-ananı da duwa qılmaq.

Ha'r bir ata-ana ka'mil perzentti ta'rbiyalawdı niyet etedi. Biraq materiallıq ha'm ruwxıy ortalıq bazı perzentlerdin' buzılıwına, joldan azıwına sebep bolıp atırg'anlıg'ın ku'ndelikli turmıs mısalında da ko'riwimizge boladı. Sonlıqtan da xalqımız «ulın' o'sse ulı jaqsı menen, qızın' o'sse qızı jaqsı menen qatnas» dep na'siyatlaydı.

## Juwmaqlaw

Shan’araq ma’nawiyatı ha’r bir insannın’ o’mirinde sheshiwshi rol atqaratug’ınlıg’ı ma’lim. Solay eken biz pitkeriw qa’nigelik jumısımızda mine usı hesh bir da’wirde de o’z aktuallıg’ın jog’altpaytug’ın, ha’tteki pa’seytpeytug’ın ma’seleni analiz etiwge ha’reket ettik. Ma’nawiyat o’z ishine ko’p qırlı ma’selelerdi qamtıytug’ın bolg’anlıg’ı sebepli onı ha’r ta’repleme u’yrenip, ondag’ı ma’selelerdi zaman talabına say tu’rde sheship barıw talap etiledi. Sonın’ ishinde jaslardın’ ma’nawiy qa’liplesiwi ha’m jetilisiwi ma’selesi o’z aldına ayrıqsha a’hmiyetke iye. Prezidentimiz pu’tkil xalqımızdın’ ma’nawiy jetilisiwi ushın bar imkaniyatlardı jaratıp, jarqın keleshekke ken’ jol ashıp bermekte. Bu’gingi jaslarımızdın’ ma’nawiy qarasları, ma’nawiy du’nyası bir qansha jetik desek qa’telespeymiz. Bulardın’ barlıg’ı da g’a’rezsizligimizdin’ arqasında elimizde xalıqtın’ milliy o’zligin an’lawına, du’nyalıq ha’m diniy bilim alıwlarına ken’ imkaniyatlar jaratıp berilgenligi sebepli erisip otırmız.

Ma’mleketimizdegi ha’r bir shan’araqtın’ ha’m shan’araq ag’zalarının’ ma’nawiy jetikligi bekkem shan’araqtın’ deregi esaplanadı. Sonlıqtan da bizin’ elimizde shan’araqtın’ ma’nawiy ortalıg’ı ma’selesi en’ baslı ma’selelerden sanalıp, shan’araqlardın’ qurg’ınlasıwına, onda salamat ortalıqtın’ qa’liplesiwine u’lken itibar qaratılmaqta.

Ja’miyetimizdegi ha’r bir shan’araqtın’ ma’nawiy ha’m materiallıq jaqtan jetikligi pu’tkil ja’miyetimizdin’ jetikligi esaplanadı. Mine usınday da’rejedegi ja’miyetti qa’liplestiriw ha’r birimizdin’ a’diwli wazıypamız dep esaplaymız.

## A’debiyatlar

1.Karimov İ. A. Bizdan ozod va obod vatan qolsin. 2-jild.- T.: O’zbekiston, 1996.

2.Karimov İ. A. Yangicha ishlash va fikirlash – davr talabi. 5-jild.-T.: O’zbekiston, 1997.

3.Karimov İ.A. Biz kelajagimizni wp qwlimiz bilan quramiz.7-jild.- T.: O’zbekiston, 1999.

4.Karimov İ. A. İnson, uning huquq va erkinliklari – oliy qadriyat. 14- jild. – T.: O’zbekiston, 2006.

5.Karimov İ. A. Jamiyatimizni erkinlashtirish, islohatlarni chuqurlashtirish, manaviyatimizni yuksaltirish va xalqimizning haet darajasini oshirish – barcha ishlarimizning mezon iva maqsadidir. 15-jild. –T.: O’zbekiston, 2007.

6. Karimov İ.A. Donishmand halqimizning mustahkam irodasiga ishonaman. «Fidokor» gazetasi, 2000 y. 8 iyun.

7. İ.A.Karimov « O’zbekiston XXI asr bwsag’asida».T. « O’zbekiston», 1997.

8. İ.Karimov «Ozod va obod vatan, erkin va faravon haet pirovard maqsatimiz».T O’zbekiston. 2000 y. 27 bet

9.Kuroni Karim, «Niso»surasi.T., «Ezuvchi» nashrieti, 1992.

10. Barkamol avlod orzusi. T. «Sharq»nashriet-matbaa kontserni, 2000.

11.Milliy istiqlol g’oyasi: asosiy tushuncha va tamoyillar. Tashkent, 2000.

12.Fitrat Abdirauf. «Oila».T.: Manaviyat, 2002.

13. «Xalq swzi» gazetasi. 1998 yil 29 may

14. «Marifat» gazetasi, 1994 yil 28 sentyabr.

15.«İshonch» gazetasi 8 dekabr, 2000 yil

16.«Sharq yulduzi» jurnali, 1992 - yil. 10 – son

17.Zie Gulkali. «Turkchilik asoslari». T.: Sharq, 2000.

18.Odob bwstoni va axloq gulistoni. T., «Fan», 1994.